ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№60 (24.186) ● 2021 гъэм накъыгъэм (майм) и 28, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьынытъэмкІэ и комиссэм и зэІущІэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек накъыгъэм и 27-м хэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щІыналъэ зыужьынытъэмкІэ и комиссэм и президиумымрэ УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналькІэ хозяйствэмкІэ и министерствэм щІыналъэ зыужьынытъэмкІэ и комиссэм и президиумымрэ УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналькІэ хозяйствэмкІэ и министерствэм къегъэщІылІауэ лажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Степашин Сергей, Къэзыбж палатэм и къэпщытакІуэ Орловэ Светланэ, коллегием щыщхэр.

«Кризис лъэхъэнэм щхьэкІи къэмынэу, ухуэныгъэ Іэнатіэм 2020 гъэм екъулІэныгъэфІхэр зыІэригъэхьащ. Ухуэныгъэу ирагъэкІуэкІыр нэхъ мащІэ хъуакъым Президентым и дэІэпыкъуныгъэмрэ щаща программэхэмрэ я фІыгъэкІэ. Илъэс кІуам псэупІэу ятар 2019 гъэм яхуэзфІэкІа-хэм щІигъуащ икІи метр зэбгъуэнатІэ мелуан 82,2-рэ хъуащ. 2021 гъэм къытпэщыт къаІэнхэм ящыщу нэхъ къыхэзгъэщыну сыхуейщ инфраструктурэм зегъэужьыныр. «Инфраструктурное меню» зыфІаща Іуэхум и фІыгъэкІэ щІыналъэхэм Іэмал ягъуэтынущ инфраструктурэ проект инхэр зэрыпхагъэкІын дэІэпыкъуныгъэ къыдахыну», - къыхигъэщащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналькІэ хозяйствэмкІэ и министр Файзуллин Ирек къыщыпсалъэм зэхилъхьэжащ 2020 гъэмрэ 2021 гъэм и я мазищымрэ зэфІагъэкІа лэжьыгъэхэр, апхуэдэуи ухуэныгъэ Іэнатіэмрэ псэупІэ-коммуналькІэ комплексымрэ зэрыщагъэужьыну я мурадхэми къытеувІащ. Абы къыхигъэщащ къэралым и Президентым щІыхуэр жьы дыдэ хъуа псэупІэхэм къыщІэгъэІэпэхъуІкІыным гулъытэшхуэ зэрыхуищІыр. 2020 гъэм апхуэдэ унэхэм къыщІагъэкІащ щІыху мини 128-м щІигъу икІи псэупІэ метр зэбгъуэнатІэ мелуанитІым щІигъум ахэр ягъэІэпэхъуащ.

УФ-м Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ и министерствэм пещэ къэрал проектхэм щыгъэбелджыла къаІэнхэр гъэззэщІэным хуэунэтІа Іэхъухэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2021 гъэм лэжьыгъэшхуэ щоКІуэкІ «ПсэупІэмрэ къалэ кІуэцІым и зэІуэпэщыгъэмрэ» проектым хыхьэу. Абы щыщщ 2017 гъэм и щІыщылэм и 1-м и пэ къыхуэу кхъахэ хъуауэ къалъыта унэхэм щІэсхэр а псэупІэхэм къыщІэгъэІэпэхъуКІыным хуэунэтІа программэр и пІалъэр къэмысу зэрагъэззэщІар. Дызэрыт илъэсым жьы хъуа унэ метр зэбгъуэнатІэ мин 13-м щІигъум щыпсэухэр къыщІагъэІэпэхъуКІыну я гугъэщ, апхуэдэ щыкІэкІэ псэупІэхэр иратынущ щІыху 788-м.

ПсэупІэ ухуэн Іэнатіэм дызэрыт илъэсым метр зэбгъуэнатІэ мин 513-рэ щатыну я мурадщ, мы гъэм и япэ мазищым хьэзыр ящІащ метр зэбгъуэнатІэ мин 41,5-рэ. Ар илъэс кІуам а пІалъэм ирихьэлІэу яхуэзфІэкІам нэхърэ процент 11,3-кІэ нэхьыбэщ. Къалэм тыншыпІэхэр къыщІэзгъэпэщыным хуэгъэзэ проектым ипкъ иткІэ муниципальнэ зэгугъэныгъэ 40-м щІыхь зэхуэсыпІэу 32-рэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщІантІэу 89-рэ зэІуэпэщ щащыну я мурадщ.

«Псы къабзэ» проектым хьхьэу жьлэхэм псы щэным, къагъэсэбэпахэр къыуашыным теухуа лэжьыгъэхэр мы зэманым объект 18-м щоКІуэкІ, иджыри зы объектым теухуа зэгурыІуэныгъэр зэращІылІэну ягъэхьэзыр. Абы нэмыщІ, щІыхуэр псыкІэ къызэгъэпэщыным хуэгъэпса объектхэм я проектхэр зэхэлъхьаным трагъэкІуэдэн папщІэ муниципальнэ зэгугъэныгъэхэм хухахащ сом мелуан 47-рэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ «муниципальнэ сыхьэт»

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ зи чэзу «муниципальнэ сыхьэт» зэІущІэр.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналькІэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим**, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

Мусуков Алий зэІущІэм хэтхэр щыгъуазэ ищІащ лъэпкъ проектхэр гъэззэщІа зэрыхьу щыкІэм. Республикэм и жылэхэр псыкІэ къызэгъэпэща зэрыхьум ехьэлІа Іуэхухэр зэпкърахащ.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ республикэм щыпсэуэхэм иджыпсту ирикъуу псы зэрамыгъуэтым теухуауэ цІыхуэхэр зэрытхьэусыхэр.

«А Іуэхум кІэлъыплъыпхъщ икІи апхуэдэ дэтхэнэ зы мыарэзыныгъэри зэхэгъэкІауэ хэкІыпІэ къыхуэгъуэтын хуейщ», - къыхигъэщъхьэхуакІащ КъБР-м и Іэтащхьэм. ЩІыналъэм и Унафэщім зыхуэфащэ Іэнатіэхэм пщэрылъ ящІащ псыр гуэшынэр зи къалэн Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэща щыкІэр щІыналъэ псоми къыщапщытэну.

ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ зэІуэпэщ ящІыну щІыпІэхэр гъэбелджылыным теуха Урысейпсо ІэІэтым нэхъ жьыдэхэр. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек гулъытэ хэха хуищІащ ІэІэтыр зэфІэкІа нэужь абы кърикІуахэм япкъ икІэ зэгурыІуэныгъэхэр зэщІылІэным щІадзэн зэрыхуейр, лэжьыгъэхэм нэхъ пасэу яужь ихьэн хуэдэу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхуэхэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70;
40-34-32.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр Сэхъурокъуэ Хь. Хь. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэм** - «Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъуэщІапІэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центр» къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и унафэщым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм накъыгъэм и 27-м
№56-УГ

● КъБР-м и Парламентым

2020 гъэм зэфІагъэкІамрэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ накъыгъэм и 27-м зи чэзу зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы депутатхэр щедэІуауэ КъБР-м и бюджетыр 2020 гъэм зэрагъэззэщІам, республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ, щІэныгъэ, узыншагъэр зыхъумэ, социальнэ Іэнатіэхэм я Іуэхутхьэбзэхэр къыззэрыгъэпэщым и флагъыр къыззэрапщытам кърикІуам теухуауэ КъБР-м и Іэтащхьэм и отчётым, нэгъуэщІхэмкІэ.

ЗэІущІэм и пэм республикэм и Парламентым и лыкІуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэт **Ульбашев Мухьэрбий** КъБР-м и Парламентым и Унафэщім и къуэдзэ Жанатаев Сэлим иритащ «Парламентаризмэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищім папщІэ» щІыхь дамыгъэр. Ульбашевым жиІащ ар Федерацэмкіэ Советым и дамыгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр икІи парламентаризмэм зегъэужьыныгъэ УФ-м и хабзэхэр егъэфІэкІуэныгъэр зи зэфІэкІ зэІуэпэщхэм зэрыратыр.

Егоровэ Татьянэ Жанатаев Сэлим ехъуэхъуащ икІи къыхигъэщащ республикэм и депутатхэм апхуэдэ гулъытэ зэпымыуэ Федерацэмкіэ Советым къаззэрыхуищІыр зэрагуапэр.

Депутатхэр хэплъащ «КъБР-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм ятеуухуауэ» КъБР-м и законым и проектым и етІуанэ еджэгъуэм. Егоровэ Татьянэ жиІащ законопроектым еджэгъуащІкІэ едэІуэну къызэрыхалъхьар. Абы теухуауэ КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щІыпІэ унафэр зехьэныжьмкІэ и комитетым и унафэщІ **Мэлбахъуэ Борис** къыщыпсалъэм жиІащ законопроектым и япэ еджэгъуэр мэлыжьыхьым и 29-м зэрекІуэкІар икІи ар депутатхэм къызэращтар. Депутатхэм законопроектыр даІыгъащ.

ЗэІущІэм япэ еджэгъуэу щедэІуащ «КъБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэр зэІуэпэщ зэращІ Іуэхуэхэр зэрауБзыхум теуухуауэ» КъБР-м и законым и проектым.

Депутатхэр арэзы техъуащ «КъБР-м и бюджетыр 2020 гъэм зэрагъэззэщІам теуухуауэ» КъБР-м и законым и проектым.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2020 гъэм и хэхъуэр сом мелард 50,8-рэ хъуащ, къигъэсэбэпар - сом мелард 48,7-рэщ. Профицитыр сом мелард 2 мэхъу. Налогымрэ нэгъуэщІ хэхъуэхэмрэ процент 99,6-кІэ дгъэззэщІащ, - жиІащ КъБР-м финансэмкІэ и министр **Лисун Еленэ**. - Нэгъабэ зымыгъэззэк хэхъуэу республикэм къыІэрыхьащ сом мелард 38,7-рэ. БыхъэгъащІыпхъэщ 2020 гъэм федеральнэ бюджетым къыхэкІыу щІыналъэ бюджетымрэ щІыхухэм я улахуэмрэ зэгъэззэхуэным ехьэлІауэ республикэм къыІэрыхьа дэІэпыкъуныгъэхэм къищынэмыщІа, сымаджэщхэм хухаха дотацэ къызэрыдатари (сом мелуан 347,2-рэ хъуу). Налогымрэ нэгъуэщІ хэхъуэхэмрэ къыхэкІар зэгъэзэхуэжьным тещІыхьауэ сом мелуан 814-рэ дотацэу диІащ, коронавирусым пэщІэтыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр къызэрызэпэщыным и Іуэхум сом мелуани 136,7-рэ хухахащ. Субсидиехэр сом мелард 13,1-кІэ дгъэззэщІащ. Абы щыщу сом меларди 4,2-р хуэдэтІыпщащ зи ныжьыр илъэси 3-м къыщыщІэдзауэ илъэси 7 хъу сабийхэм мазэ къэс зэрызащІэдгъэкъуам. Сом мелард 1,7-рэ хъу субсидиер пенсэм дыщІагъу социальнэ ахъшэхэм хуэдэтІыпщащ, зы мелардрэ мелуан 300-р - мэкъумэшхэкІ къыщІэзыгъэкІхэм защІэгъэкъуэным. Субвенцэхэр сом меларди 4,9-рэ хъуащ. Абы щыщу лэжьапІэншэхэм зэрызащІэдгъэкъуар сом меларди 2,1-рэ мэхъу, сабий япэу къызыхэкъуэ унагъуэхэм псомкІи зэхэту сом мелард 1,2-рэ еттащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2020 гъэм республикэм къиГъэсэбэпа сом мелард 48,7-м и процент 75-р (сом мелард 36,5-р) социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэхэм тедгъэкІуэдащ, - жиІащ министрым.

КъыкІэлъыкІуэу КъБР-м фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ щІыналъэ фондым и унафэщІ **Бгъэжьнокъуэ Зуриятэ** тепсэлъыхьащ Іуэхущ1апІэм и бюджетыр 2020 гъэм зэрагъэззэщІам. Абы зэрыжиІамкІэ, Іуэхущ1апІэм и хэхъуэр процент 99,9-кІэ ягъэззэщІащ, 2019 гъэм елъытауэ субвенцэр процентэ 7,1-кІэ нэхьыбэ хъуащ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Асанов Алим** къедджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ, щІэныгъэ, узыншагъэр зыхъумэ, социальнэ Іэнатіэхэм я Іуэхутхьэбзэхэр къызэрызэрагъэпэщым и флагъыр къыззэрапщытам кърикІуам теухуауэ КъБР-м и Іэтащхьэм и отчётым.

Депутатхэр арэзы техъуащ 2021 гъэм и япэ мазищым республикэм и бюджетыр зэрагъэззэщІам теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и отчётми.

КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым хагъэхьащ Гугу Владимиррэ Токъмакъ Азикрэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Лъэпкъым и шу пашэ Мэшбащ1э Исхьэкъ

Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми я цІыхубэ тхакІуэ, СССР-м, Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм я къэрал саугъэтхэм, Шолохов Михаил и цІэкІэ щыІэ, ДАХ-м я дунейпсо саугъэтхэм, Островский Николай и цІэкІэ щыІэ саугъэтым я лауреат Мэшбащ1э Исхьэкъ и ныбжьыр ноБэ илъэс 91-рэ ирокъу.

МэШБАЩІэ Исхьэкъ 1930 гъэм накъыгъэм и 28-м Уарп Іуфэ Іус адыгэ къуажжьым, Щхьэщэхужкіэ зэджэм, къыщалъхуащ. Щхьэхунэрэпсэлъабзэрэ зэхуэдэщ, жаІэ. А псалъэр щыщыгупшэ, пщэрылъ зыщигыщыжам щытеплъэкъуакІэ зэи къэхъуагъэнкъым, тхьэмадэ махуэм и гъащІэр Іуэху бащІэу къехь. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэр Мэкхуу дэт Литературэ институтым щызэригъэгъуэту щалъхуа Хэкум къызэригъэзэжрэ гуащІафІэу икІи купщІафІэу лъэпкъ литературэм хуолажьэ. КъикІуа литературэ гъуэгуанэр щызэщІэкъуауэ нэгъабэщ тхьилъ тІощІрэ тхууэ зэхэт зэужьыр къыщыдигъэкІар. Ауэ тхакІуэ гумызагъэм и кІалэмыр игъэтІылъакъым - ар ноби матхэ, романыщІэм йолэжь.

Тхьилъ 70-м щІигъу зи Іэдакъэ къыщІэкІа Мэшбащ1э Исхьэкъ адыгэ литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэр инщ. Апхуэдэ дыдэу бгъэщ икІи куущ иригъэкІуэкІ жылагъуэ лэжьыгъэри - гу зылъымытэ адыгэ гъащІэм щІагъэ къыщыхъуркъым, лъэпкъым и гупсэм кьипсэлъыкІыу, и блэкІамрэ и ноБэмрэ зэпишэчу щІэблэр пщэдейм хуриГъэпІъэкІыу щытщ.

И щІыхьэт тхьилъхэр зы илъэскІэ гувауэ къыдихыу адыгэбзэм и губгъуэм псалъэр кІрихыу къихьами, Мэшбащ1эр дунейм къыщытехьа илъэсыр иджы убзыхуэ хъуащи, щІэмкІи жьымкІи ди гуапэу дохъуэхъу нэхъыжь махуэу ди япэ итыну, и гулъытэр мыкІащхъэу, и псалъэр мыубзэщхъуу, и гуащІэр щІэмыкІыу узыншэу икІи гукъеуэншэу тхуэпсэуну!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий, ДАХ-м и вице-президент ЩОДЖЭН Іэминат, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и тхьэмадэ КЪАНОКЪУЭ Арсен, ЩІДАА-м и вице-президент ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд, Хьэтіохьущокъуэ Къазий и цІэр зезыкъэ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ ТАБЫЩ Мурат.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ «муниципальнэ сыхьэт»

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ зи чэзу «муниципальнэ сыхьэт» зэІущІэр.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналькІэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим**, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

Мусуков Алий зэІущІэм хэтхэр щыгъуазэ ищІащ лъэпкъ проектхэр гъэззэщІа зэрыхьу щыкІэм. Республикэм и жылэхэр псыкІэ къызэгъэпэща зэрыхьум ехьэлІа Іуэхуэхэр зэпкърахащ.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ республикэм щыпсэуэхэм иджыпсту ирикъуу псы зэрамыгъуэтым теухуауэ цІыхуэхэр зэрытхьэусыхэр.

«А Іуэхум кІэлъыплъыпхъщ икІи апхуэдэ дэтхэнэ зы мыарэзыныгъэри зэхэгъэкІауэ хэкІыпІэ къыхуэгъуэтын хуейщ», - къыхигъэщъхьэхуакІащ КъБР-м и Іэтащхьэм. ЩІыналъэм и Унафэщім зыхуэфащэ Іэнатіэхэм пщэрылъ ящІащ псыр гуэшынэр зи къалэн Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэща щыкІэр щІыналъэ псоми къыщапщытэну.

ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ зэІуэпэщ ящІыну щІыпІэхэр гъэбелджылыным теуухуа Урысейпсо ІэІэтым нэхъ жьыдэхэр. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ ІэІэтым нэхъ пасэу яужь ихьэн хуэдэу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Сату-экономикэ, щІэныгъэ-техническэ щэнхабзэ, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми щызэдэлажьэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Удмурт Республикэм и Правительствэмрэ зэращІылІэ зэгурыІуэныгъэм и проектым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2021 гъэм накъыгъэм и 20-м *Налшык къалэ*
№109-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Удмурт Республикэм и Правительствэмрэ зэрызэдэлажьэным теухуауэ зэращІылІэ зэгурыІуэныгъэм и проектыр дэІыгъын икІи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр хэплъэн папщІэ хуегъэхьын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм елъэІун а Зэгурыіуэныгъэм Іэ щІидзыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

НОБЭ

♦Гъунапкъэхъуэмэм и махуэщ. 1918 гъэм Ленин Владимир Іэ щІидзащ гъунапкъэхъуэмэ гупхэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэм. Ляпэу къызэрагъэпэщар Ищхьэрэ-Къухьэпі гъунапкъэхъуэмэ округырщ. Гъунапкъэхъуэмэм и махуэр ди гъусэу ягъэлъапІэ Белоруссиемри, Къырыгызыми, Украинэми.

♦Азербайджан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦Армение Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - къэралыгъуэ щигъуэта махуэр егъэлъапІэ

♦1923 гъэм Адыгейм и профсоюзхэм я зэгугъэныгъэр зэпэщащ.

♦1927 гъэм Совет Союзым и тыкуэнхэм къыщІалъхьащ маркэхэр зытет ящІа конвертхэр.

♦1928 гъэм Мейкьуапэ къыщызэІуахащ Адыгейм и тхьилъ тедзапІэр.

♦1938 гъэм СССР-м Мурманскэ областыр къыщызэрагъэпэщащ.

♦1987 гъэм Москва и Утыку плъыжьым деж къыщетІысэхащ ФРГ-м щыщ Руст Матиас и кхъухьлъатэр. А къэхъуэкъащІэ къызэрымыкІуэр - СССР-м и гъунапкъэр апхуэдэу тыншу къызэрызэпаудыфар, дауи, лъэужьыншэ хъуакъым совет дзэ къулыкъущІэхэм я дежкІэ. я къулыкъуэхэм трагъэкІауэ щытащ кэралым зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр Соколов Сергей, ПВО дзэхэм я командующэ нэхъыщхьэ Колдунов Александр, нэгъуэщІ офицер 300-ми къуэды зэмылІэужьыгъуэхэр тралъхьат.

♦1997 гъэм УФ-мрэ Украинэмрэ Киев Іэ щытрадзащ Тэнджьэ фІыцІэ флотыр зэрагуэшыну щыкІэм теухуа унафэм.

♦Киноактёр, КъБР-м и цІыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молей Барэсбий** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, СССР-ми УФ-ми я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым и цІэр зезыхьэ, ДАХ-м я саугъэтхэм я лауреат, Адыгэ Республикэм и Гимныр зытха, Урысейм Лэжьыгъэмкіэ и ЛІыхъужь **Мэшбащ1э Исхьэкъ** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыщ жылагъуэ лэжьакІуэ, хьэрычэтыщІэ, меценат **Джэрыджэ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Панин Андрей** къызэралъхурэ илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Совет фигуристкэ цІэрыІуэ, Европэ, дунейпсо зэпеуэ куэдым бжьыпэр мызэ-мытІэу щызыІыбыда, Олимп Джэгуэм тІэунейрэ я чемпионкъ хъуа **Гордеевэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткъ **Миронова Марие** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

♦Урысей гимнаст цІэрыІуэ, Олимп Джэгуэм плІэнэрэ я чемпион **Немов Алексей** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыгъезыхьэ, ДАХ-м я саугъэтхэм я лауреат, Адыгэ Республикэм и Гимныр зытха, Урысейм Лэжьыгъэмкіэ и ЛІыхъужь **Мэшбащ1э Исхьэкъ** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКІэМЫХЪУ Маринэщ.

«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Спартак-Налшык» - 2:2

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ дыгъуэпшыхь Псыхуабэ щызэхэта зэІущІэм апхуэдэ бжьыгъэ кърикІуащ.

ДИ ЩІАЛЭХЭМ ящыщу я хьэрхуэрэгъуэхэм топхэр яхудигъэкІащ Хьэшыр Алан. Хэгъэрейхэм тІэунейрэ кхахэжьаныкІащ Соловьёв Дмитрий.

Джэгуэ зэрекІуэкІамрэ адрей командэхэм я зэІущІэхэм яужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеуху тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ныбэм имылъмэ, нэр плъэркъым.

● Абы дегъэпIейтей

Лъэпкъ газетхэм я гукъеуэхэр

Вэсэмахуэ Владикавказ щекIуэкIащ лъэпкъ газетхэр нобэ зыIууэ гугъуехьхэмрэ ахэр къызэнэкIыныкIэ лэжьыпхъэхэмрэ ятеухуэ етIуанэ дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцыр. Абы жыджэру хэтащ икIи купщIафIэу къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэри.

ИДЖЫ етIуанэу конференцыр къыззыгъэпэщ Осетие Ищхъэрэ - Аланием Печатымрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и комитетымрэ Хетагуровым и цIэр зезыхьэ Осетие Ищхъэрэ къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетымрэ зэIущIэм хэтхэм мы гъэм зрагъэубгъащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэри ирагъэблагъэри. Ди республикэм и хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я цIэкIэ абы щыIащ КъБР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэм и Iэщlагъэлl нэхъыщхьэ-къэпщытакIуэ **Мэремыкъуэ Элеонорэ**, «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэм я къуэдзэхэу **Жыласэ Заурбэчрэ Жангуразовэ Нэжэбатрэ**.

ХъэщIэхэмрэ конференцым хэтхэмрэ фIэхъус псалъэхэмкIэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Фидаров Юрэ** гуапэу иригъэблагъа иужькIэ, зэIущIэр езыгъэкIуэкI Хетагуровым и цIэр зезыхьэ Осетие Ищхъэрэ къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым и деканэ **Хабаловэ Фатlимэ** утыкур хуит яхуищащ къэпсэлъэнухэм. Апхуэдэхэр куэдт икIи пщыкIутхум ныззорыхьэст. Дэтхэнэри къызэхуэсхэм ядгугъэшэну хуейт куэд щIауэ зы гъэпIейтей Iуэхугъуэхэм. Къапщтэмэ, «Радзинад» осетин газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хозиев Борис** тепсэлъыхьащ лъэпкъ хъыбарегъащIэ Iэнатlэм нобэ къызэщIиубыдэ цIыхухэм хэпщIыкIыу зэрыхущIам, «Осетие Ипщэр нобэ» МИА-м и редактор **Цховребовэ Залинэ** и гугъу ищIащ я республикэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр зэтемыхуэу СМИ-м къызэрыщагъэльэгъуэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхъэмадэ, ВГТРК-м я республикэм щиIэ къудамэм и унафэщI **Кусов Тимур** зи Iэщlагъэм пэрыт ди лэжьэгъуэхэм яхэтын хуей хабзэмрэ нэмысымрэ, Хетагуровым и цIэр зезыхьэ Осетие Ищхъэрэ къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым и кафедрэм и унафэщI **Бабочиевэ Мадинэ** цIыхубз хъыбарегъащIэ Iэнатlэкэм папщIэ лъэпкъ Iэщlагъэлlэкэр зэрыхуагъэхьэзыр щыкIам. Къэбэтэ Iуэхугъуэхэм ящыщIу куэдыр зыгъэпIейтей газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тедзэныр зэреклуэкI щыкIэмрэ «Урысейм и пощтым» и лэжьакIэмрэ, тхыльымпIэкIэ ягъэхьэзыр къыдэкIыгъуэхэмрэ интернет-сайтхэм иралъхьэмрэ къызэрызэдзгъэугурыкIуэм, нэгъуэщIхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и нобэрей журналистикэм лъэпкъ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм щаIыгъ увыпIэм дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцым зыубгъуауэ щытепсэлъыхьащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Жыласэ Заурбэч. Абы къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ ди республикэм и СМИ-м и тхыдэмрэ нобэмрэ, зыIууэ гугъуехьхэмрэ ахэр къызэнэкIныкIэ и Iуэху еплъыкIэхэмкIэ. Едэлуахэм ахэр яфIэхьэлэмэт къаззыщыщхуам и щыхьэтщ доклад ищIын ияха иужькIэ упщIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ зыкъызэрыхуагъэзам. Дэтхэнэ зыми хуэфащэн жауап игъуэтащ.

ЗэпущIэм и кIэухым къащтащ Лъэпкъ газетхэр нобэ зыIууэ гугъуехьхэмрэ ахэр къызэнэкIныкIэ лэжьыпхъэхэмрэ ятеухуэ етIуанэ дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцым и унэжьщхэр.

Я кьалэн нэхъыщхьэр зэфIагъэкIа иужькIэ Осетие Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ я хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я футбол командхэмэ я зэныбжьыгъуэ зэIущIэ хьэлэмэт екIуэкIащ. Ильэсит! ипэкIэ щыIам «ипщэхэр» зырыщытекIуам «ищхъэрэхэм» хуэфащэн жауап иджы иратыжащ.

Дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцым хэтахэм адэкIэ зыщагъэплъыхьащ Осетием и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм хиубыдэ Куржым пэгъунэгъу дыдэу щыт Фиагдон щIыпIэм. Иужькlэ къагъэува Iэнэ берычэтым щаIэта хъуэхъуэм наIуэу ка-гъэлъэгъуащ ди гъунэгъуфI осетинхэм пщIэ лъагэ къызэрыгъуащIыр икIи Хетагуров Коста и «Фатlимэ» поэмэм и щIэдзапIэм адыгэхэр игъэлъапIэу хэт Iыхьэм щыщ пычыгъуэ я нэхъыжьым къыщыхидзэм, ар адрей къызэхуэса куэдми гукIэ зэращIэр наIуэ къащIащ, къыдеджуэр ирагъажьэри:

... Къэбэрдей хэкуу пщIэ зыхуащIым,
Мыбы щыгуапэщ хьэщIэ псори,
Зэуэным къыдэхуауэ щIыхухэм,
Загъэпсэхужу гуми псэми,
ЗрагъэшэшI я хъыбар нахуэм.
Тепщ жьэдАлуэу я лъэпкъ хабзэу
Нэхъыжьхэм я щIэн хуэпсынщIэм...

Апхуэдэущ зэпыщIэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэрагъэбыдэр, Iэщlагъэм и щхэухэмкIэ зэрызэдзгъащIэр. Абы кьыпащэну я мурадщ гъэ кьакIуэ Осетие Ипщэм щрагъэкIуэкIыну трауха «Лъэпкъ газетхэр нобэ зыIууэ гугъуехьхэмрэ ахэр къызэнэкIныкIэ лэжьыпхъэхэмрэ» ятеухуа ещанэ дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Сурэтым: **Лъэпкъ газетхэр нобэ зыIууэ гугъуехьхэмрэ ахэр къызэнэкIныкIэ лэжьыпхъэхэмрэ ятеухуа етIуанэ дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцым и къызэрэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэмрэ.**

● Гъунапкъэхъумэм и махуэ

Жэщи махуи плъырхэр

Нобэ Урысейм щагъэлъапIэ Гъунапкъэхъумэм и махуэр. УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 103-рэ ирокъу.

ДЭТХЭНЭ къэралми и щIыналъэр къыщежьэр гъунапкъэрыгъ икIи ар зэрахьэмэ щыкIам къыгъэлъагъуэ ары и лъэщагъэр зыхуэдэр. Дуней псом нэхъ гъунапкъэшхуэ дыдэ щызыIэ Урысей Федерацэм ар хъумэным къаруушхуэ ирихьэлIэ зэпыту къокIуэкI. Аращ сыт щыгъуи гъунапкъэхъумэ Iэнатlэр нэхъри егъэфIэкIуэным, зегъэужьыным къэралым гулъытэ хэха щыхуищIыр.

Ди хэкум и гъунапкъэхъэр Кавказым щызыхъумэ Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм и тхыдэри и нобэрей махуэри кьыгуэхьилIэ имыIэу епхащ граждан зауэм иужькIэ къэралым щекIуэкIа Iэхугъуэхэм. Абыхэм къэрал гъунапкъэр хъумэным я къару псори хузэщIагъэуIуэн хуейт. ИпэжьилIэкIэ абы щыгъуэ, 1924 гъэм мэкъуаугъэм и 1-м, Азербайджан ССР-м и щIыналъэм совет-иран гъунапкъэр щызыхъумэ 27-нэ Пришиб гъунапкъэхъумэ батальоныр и лъабжьэу, 43-нэ Белясуварэ гупыр кьызэрагъэпэщащ, иужьым ар ОГПУ-м и Геок-Тапинскэ отряд хьуащ.

А зэманым ди гъунэгъу къэралыр «я абгъуэ» Совет Союзыр зэхэзыкъутэну зи мурадхэм зэщIагъэIуIуа тIасхъэщIэх, диверсант гупышхэхэм. Абыхэм япэщIэтыным теухуауэ отрядым кьыпэщыта къаленхэр нэсу игъэзащIащ. Апхуэдэ дыдэу абы хэтхэм лIыгъэшхуэ щызэрахьащ Хэку зауэшхуэм и Iэнатlэхэми. Тыншу щытакъым кьыкIэлъыкIуэ илъэсхэри. Арщхьэкlэ, гъунапкъэхъумэхэр, езыхэми хэщIыныгъэхэр мымащIэу ягъуэту щытами, зэи кьызэфIэщIакьым.

А псори кьалъытэри, 1955 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкlэ гупым Бэракъ Плъыжь орден лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

Совет Союз абгъуэгъуэр лъапIэжу абы хэта республикэхэр зэхэкIа иужь, Урысейм иIэ хъумащ гъунапкъэщIэхэр, Ираным и гъунэм Iута отрядыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэIуащ Урысей Федерацэмрэ Куржымрэ я гъунапкъэ километри 130-р зи кIыхьагъэр ихъумэну пщэрыль щащIри. Гупым и хэщIапIэр Налшыкти, и цIэри абыкIэ зэрахьэжкIащ.

2006 гъэм мэкъуаугъэм и 1-м Бэракъ плъыжьэхьэ Налшык гъунапкъэхъумэ гупыр и лъабжьэу, Урысей ФСБ-м КъБР-мкIэ и Гъунапкъэхъумэ управленэм хуагъэкIуащ. Ар зэпэщIу иджыри Iэмэпсымэрэ техникэкIэ, псэупIкIэ кьызэрэпэщащ республикэм и заставэхэр, efIакIуэ зэпытщ Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэу Налшык дэтри.

Зы къэрали дунейм теткъым езым и гъунапкъэр имыхъумэу. Урысей Федерацэм и тхыдэм сыт щыгъуи гъунапкъэхъумэ Iэнатlэхэр хэкум и шынагъэншагъэм и зы Iамалу къэкIуэкI. Къэралым зихъумэжыныр зэрызэфIэкIым куэдкIи ельытащ и экономикэм зэрызиужьыныри и лъэщагъэр зыхуэдэнури.

Адрейхэми хуэдэу, махуэшхэр зыгъэлъапIэ Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм кьалэныр щезыхьэкIэхэм, кьулыкъым и ветеранхэм я махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Зи хабзэм бзыпхъэ трах Хьэтуей жылэ

Генерал-майор Анзор Хьэту и къуажэр Тэрчкlэ зэкIэлъхукIыну нобэ здэщыс щIыпIэм, Урыху псым и Iуфэм къызэрыгъэIысрэ илъэси 170-рэ ирикъуащ. Тхыдэ къулейкIэ гъэнщIа гъуэгуанэ куплIафIэ къикIуащ Хьэтуей жылэм. Къуажэм и цIэр фIыкIэ Iунуми ейIкIэ жаIэнуми зэпыпытыжар абы и цIыхухэрщ. Щэн зыхэмылъыжращи, гуащIафIэщ хьэтуейдэсхэр. Сыт хуэдэ зэманми сыт хуэдэ щытыкIэ къихутами, ахэр къыщыщIэхуа къуажэм и тхыдэм къыхэхуакъым. Я пщIэр лъагэрэ я щIыхьыр яIыгъыжу илъэси 170 гъуэгуанэр къызэранэкIащ.

ГЪАЩIэщIэ уху эныжькIи, Хэкум и щхьэхуитыныгъэм къыщыхьэщыжыныжкIи, къажIуэ зэманым къызэдихь псэукIэм зыдегъэкIуныжкIи яхуэзэфIэкI къагъэнакъым. Зи хабзэм бзыпхъэ трах жылэжьщ Хьэтуейр. Абы и нэхъыжь Iумахуэм я щапхъэр я гъуаэзэщ щIалэгъуалэм. Зэрыгушхуэн цIыхухуэзкIи и мащIэкъым Хьэтуейм. ЛэжьыгъэкIи, щIэныгъэкIи, спорт Iуэхуэхмкlи зи цIэр къэралым щызэIущIэуа куэд къыдэкIащ жылэм. Яхэтщ абыхэм мымащIэу щIыхьыщIи лъапIэхэр зыфIащахэри къэрал дамыгъэ лъапIэхэмкIэ игъэпэжахэри.

Сытхэр и псэукIэ нобэ Хьэтуей къуажэм? Сэ шэч кьыитезмыхьэу скужьIэнущ нобэ ар республикэм и къуажэ нэхъ зэIуэпэщ дыдэхэм зэращыщыр. Зыужьыныгъэшхуэхэр и щыIэ къыдэлъыи, иужьрей илъэсищ-плIым хэпщIыкIыу зэрефIэкIуар кьыпхуэмылъытэнщ. Зэхъэжьныгъэшхуэхэр щыщIэкIащ абы: къуажэм дэт дэтхэнэ зы Iуэхущ1апIэмэ зэгъэпэщыжьныгъэ Iэжьыгъэ инхэр щызэфIагъэкIащ. ЩIэуэ кьыхэхъуахэм ящыщщ къуажэ музейр. Апхуэдэу жылэм дэт Iуэхущ1апIэхэр зытет уэрамыр щIхъуэнтIагъэр ебэкIыну игъэзэхащ, тетIысхьэпIэхэр щагъэуващ, зэмыфэгъуу зэщIэблэ псыутхэр Щэнхабзэмкlэ унэм и утым дэж щытщ. Жылэдэсхэр зэрыгушхуэщ а уэрамым и дыхьэпIэм щагъэува «Иугъащ1э Хьэтуей!» псалъэхэр зытет арэз дэгъуэр. Къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм и кIыхьагъкIэ жьыгыщIэ щыкIухэр хасэщ. КъабзагъэкIэ республикэм и къуажэм псом йофIэкI жьыСIэкIи, егъэлея хъунукъым. Апхуэдэ зыужьныныгъэфIэхэр нобэ зыдалъагъупхъэр 2016 гъэм кьуажэ администрацэм и унафэщIу ягъэува Дзыхьмыщ1 Анзорщ. Iэнатlэм щыпэрыхьа махуэм зыхуиГъэувыжа кьалэныр, жылэм и псэукIэ зэпэщIым телъжьынэр, гъэзэщIэныжьмкIэ хузэфIэкI къыгъэнакъым. И гуащIи и кьарри щымыСхьыжу Iуэхум зэрэхьилъхьэр гъэкIуэда хъуакъым: иджыблагъэ Хьэтуей жылэм «2020 гъэм КъБР-м и кьуажэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэм япэ увыпIэр кьыщихьащ.

Къуажэр илъэси 170-рэ хьуауэ а щIыпIэм зэрисым теухуа зэхьыхэр нэгъабэ ирагъэкIуэкIын хуейуэ щытащ, ауэ пандемием апхуэдэ Iэмал къаритакъым. Иджы жылэм и илъэс бжьыгъэ дахэри ар республикэм и къуажэ нэхъыфI зэрыхъуарэ зы ящIыжри, махуэшхуэр Iэтауэ къызэрагъэпэщащ.

Адыгэ фащэ екIуэр зыщIигъ, лъэпкъ ныпыр зыIыгъ шууей щIалэхэр пщащджыжьым Хьэтуей къуажэ дыхьэпIэм къыщежьэри, жылэм и кIыхьагъэр зэщIагъэхьащ. Къагъэзэжри, «Шагъдий» уэрэдым яшхэр щIагъэджэгукIыу, махуэшхуэр щызэхащIэ, Бэрэу Къэралбий и цIэр зезыхьэ уэрамми зыкъыщагъэлъэгъуащ. Зэхьыхэр кьызэIуахащ къуажэ адміністрацэм и унафэщI **Дзыхьмыщ1 Анзоррэ** Лэскэн районым и жылагъуэ советым хэт **БищIо Юрэрэ**. Жылэдэсхэм махуэшхуэм фIы кьахуэдэкIуну, дяпэкIи гуфIэгъуэ зэIущIэ куэд къуажэм щызэхащэну екъуэхуэгъуэм, адэкIэ утыкур хуит хуащIащ ныбжьыщIэхэм. Сабий сабим и гъэсэн щыкIухэу **Таз Эмиррэ Щопытlэ Ланэрэ** гъэхуауэ кьеджащ я жылажьым теухуа усэм. Абы псалъапащэу Щэнхабзэмкlэ унэм и къэфакIуэхэр утыкум кьихьащ. **Жылэ Анзор** игъэзэщIа «Хьэтуей» уэрэдым цIыхухэм я гукъыдэжьыр нэхъри яхъэзащIиIэтауэ махуэшхуэм къуажэм зыдиубгъащ.

ЩIалэгъуалэр жыджэру хэтащ спорт зэхьэзэхуэхэм. Абыхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ ентIыр дзыным, кIапсэкIэ зэпекъуным, къызэдэлъэным, футболым, боксым. Апхуэдэу ентIыр дзынымкIэ бжьыпэр иубыдащ Бесчокъуэ Рэмэзан, кIапсэ зэпекъум пашэ щыхьэщащ Дол Инал и гупыр, къызэдэлъэным щытекIуащ Джэджыр Астемыр, футболым япэ увыпIэр кьахьащ къуажэкIэм щыпсэу щIалэгъуалэр зыхэта командэм. Боксым, я хьэлъагъкIэ зэщхьэщыгъэкIауэ, теклуэныгъэр къыщахьащ Щопытlэхэ Расулрэ Мусэрэ, Хьэщ1элl Идар, Къэжэр Ахьмэд (тренерыр Щэмей Арсенщ, Хьэтуей къу.), Пэрыт Ислъам, Борий Дамир, Къагъырмэз Дамир, Мыкъуэ Алим, Мэкъуауэ Саид, Къунащ1 Айдамыр, Дегунэж Алихъан (тренерыр Бесчокъуэ Рэмэзанщ, Анзорей къу.), Мамхэгъ Дамир, Етy Къантемыр, Хьэпащ1э Алим, Мэтей Азрет, Теркъул Алан, Къхъэлуфэ Андемыркъан (тренерыр Бахъсэн Нур-Мухьэмэдщ, Бахъсэн къ.) сымэ.

● Махуэшхуэ

Зэпеуэм бжьыпэр щызыуфыдахэр, къыщыщхъэныкIахэр кубокхэмкIэ, щIыхь тхыльхэмкIэ, саугъэтхэмкIэ ягъэпэжащ.

ПщыхьэщхьэхуэкIуэу махуэшхуэм кьрихьэлIэхэр щызэхуэсащ Щэнхабзэмкlэ унэм.

- Нобэ догъэлъапIэ Хьэтуейр илъэс бжьыгъэ дахэ зэрырикъуащ республикэ зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ «КъБР-м и къуажэ нэхъыфI» цIэ лъапIэр кьызэрыгъэтхуагъэфэщащрэ. Къуажэдэсхэм ди щхьэр лъагэу щIэлъэгъуу Iуэхум зэрэхьилъхьэр, апхуэдэ екъуIэныгъэм и щIыбагъ къыдэлъщ ди цIыхухэм я гуащIэшхуэ, - жиIащ къуажэ администрацэм и унафэщI Дзыхьмыщ1 Анзор. - Илъэси 170-м кьызэщIиубыдэ лъэхъэнэм Хьэтуейр зыужьныныгъэм и гъэгум тету зэхъуэкIыныгъэ куэдым кьызэпхрыкIащ, щекIуэкI лэжьыгъэкIи и цIыху пажэхэмкIи республикэм щыпэрытхэм хабжэу. Нобэ дыздынэса лъагапIэм и гугъу пщIымэ, ар псори дызэщIыгъуу здэтхъэлIа Iуэхущ1и, ди щIэр щIэрэ зи къаруэ хэзыльхьа жылэдэсхэм ефIыщIэ яхузощ1. Дэлэпыкъуэгъу дызэхуэмыхъужатэмэ, дызэкъуэмыуватэмэ, тхузэфIэкIыни щIыпIэ кьыщIэкIынутэкъым. Апхуэдэу псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ чэнджэщ щхьэпэхэр кьыддэзыхьэлIа, къетхъэжьэ сыт хуэдэ лэжьыгъэми дыштезыгъэгушхуа нэхъыжьыфIэхэм. КъыщыхэмыщIауэ, къуажэ гъащIэм жыджэру кьыхьхьащ жылэм кьыздэкIаэу кьалэм щыпсэухэри. Щхьэж и зэфIэкI ельытауэ ахэри сытым дежи зэрыхъуIэ сэбэн кьытухохъу. «Дызэдэлэныгъэ - дылъэщщI» - а кьыхуеджэныгъэм дыщIэту кьуажэр допсэу. ЗэфIэдгъэкIаэхэр мымащIэми, зэманым кьалэныщIэхэр кьытухеГъэув, адэкIи Iэхъуушхуэхэр кьытпэщылъщ. Ди нэхъыжьхэм я щапхъэ хуэдэу, абы кьытухуэгъэна хабзэхэр ди Iэпэгъуэ кьуажэм и къэкIуэну дахэм адэкIэдыхьэлэжьэну ди мурадщ. Хьэтуей кьуажэр ефIэкIуэну, зэIуэпэщ псэукIэ дэлъыну, абы и цIыхухэм узынщагъэ быдэрэ кьару мыкIуэщIрэ яIэну си гуапэщ.

Хъуэхъу дахэкIэ кьуажэдэсхэм захуигъэзащ Лэскэн район адміністрацэм и унафэщI **Инжьджокъуэ Сэфарбий**. Абы кьыхигъэщащ илъэси 170 гъуэгуанэр Хьэтуей жылэм пщIэрэ щIыхьрэ иIэу къыззрызэпичар, абы и блэкIам узэрыгушхуэн Iуэхугъуэшхуэхэри зэрыхэтыр, нобэрей и гъащIэри нэхъыфIым ухуэзыгъапIуэ зэрыщытыр.

- Хьэтуейр щIыхь гуащIафIэкIэ кьулейщ. Абы кьыщэкIащ кьуажэ зэфIэкIыр, щIыхуГъэр щапхъэ псом щызыIэныуа щIыхуушхуэхэр, - жиIащ Инжьджокъуэм. - Абыхэм яхэтщ политикэ лэжьакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр, дохутырхэр, егъэзджакIуэхэр, ухуакIуэхэр, мэкъумэш Iэнатlэм и Iэщlагъэлlхэр, юристхэр, спортсменхэр. «Нэхъыжьыфl зиIэм нэхъыщIэфи иIэщ» зыхужаIэ жылэщ Хьэтуейр. Жьыи щIэи зэкъуэту, зыи и жьIэ адрейм зэхихыу зэрызэхэтырщ я зыужьныныгъэм и пьабжьэр, а Iуэху БетIрожь Ибрэхьим, нэхъыжьыфI Хьэщ1элl Алий, «Хьэтуей» ассоциацэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Анатолэ, абы и къуэдзэ, Налшык и промышленникхэмрэ хъэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и унафэщI Губэщ1ыкI Жантемыр, ассоциацэм хэтI Хьэщ1эпl Хьэритон, жылагъуэ лэжьакIуэ Мамхэгъ Астемыр, хьэрычэтыщIэ Мэремкъуэ Iумарбий, фельдшерэу илъэс куэдкIэ лэжьа Къаншщыкъуэ Нинэ, Щэнхабзэмкlэ унэм и художественнэ унафэщI Пьакъуэдыгъу Тимур, егъэджакIуэхэу Бышымыгъэт Зинэ, Бищ1о Мафурэ, Нало Таисэ, кьуажэ адміністрацэм и унафэщIэм и къуэдзэ Тэрчокъуэ Джульеттэ, Щ1ынлъэхэм эдэдэй, узыфэзэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Хьэщ1эпl Фатlимэ, а сымаджэщым и неврологие къудамэ №1-м и унафэщI Тэрчокъуэ Залинэ, «Гупсешэ» мэкъумэш-фермэ хозяйствэм и тхъэмадэ Гупсешэ Ахьмэдхэм, спортсмен пажэ, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ яп дыдэу дунейпсо класс зиIэ спортым и мастер Къуийщ1ыкIу Ахьмэд, ухуакIуэ Бисер Роберт, «Строймир», «Русталим», «Агрохимия» ООО-хэм, «Ди Рамиз» псапащIэ фондым, Щхьэгъэшэ я унэлъащIэ цехым.

- Хьэтуейм нобэ и гуфIэгъуэ мазухуэщ1уэщ. Iуэху дахэу, жылэм дэлъыр утыку кьрахьащ. Республикэм и къуажэ псом нэхъыфIу укъыхалъытэнщи, шэч зэмылIу, екъулIэныгъэшхуэщ, абы и щIыбагъ кьыдэлъ лэжьыгъэ зыужьэгъэ щрагъэкIуэкIащ. Егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, экономикэ, спорт унэтIыныгъэхэмкIэ зэфIэкI ягъэхэр фIищ. Фи чэнджэщ зэфхьэлIэрэ, зы унафэм фыщIэту Iэхуэм и ужь фызэрихьэрщ фи лэжьыгъэр кьыщыныгъэ Iуэлlэри, сыныбохъуэхъу зэгурыIуэ зыдэлъ жылэ узынишэу илъэс куэдкIэ фыщIыну.

Иджыри зы Iуэхугъуэ гуапэ зэфIагъэкIащ а махуэм. «Хьэтуей къуажэм щыIх зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщащэр наIуэ къащIащ. Абыхэм дэтхэнэ зыми я Iуэхущ1афэхэр зыхуэдэм, жылэм и гъащIэм щаубыд увыпIэм, тхыдэм кьызэрыхэнам кIэщIу я гугъу ищIащ Губэщ1ыкI Жантемыр. Ахэр псори кьулыкъу лъагэхэм пэрыту къуажэм, районым, республикэм я зыужьныныгъэм псэемылIэжу хуэлэжьащ. Мыпсэужу а щIыхьщIэр хуагъэфащащ Анзор Хьэту, Тэрчокъуэ Къамболэт, Дол Хъэсэнбий, Бесчокъуэ Щ1ыхьмырзэ, Хьэщ1элl Мухьэмэд, Iэщlокъуэ Амин, Дзыхьмыщ1 Батыр, БетIрожь Хьэжьсмэл, Къанло Мухьэмэд, Бищ1о Бильостэн, Тэрчокъуэ Къэралбий, Къуэдзокъуэ Лиуан, Нало Аскэрхъан сымэ. Къищынэмыщ1ауэ, а щIэ лъапIэмкIэ иГэпэжащ къуажэм и нобэрей гъащIэр ефIэкIуэным зи гуащIэ хэзыльхьэху Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгъуэш Адэлбий, кьуажэм и нэхъыжьыфI Бищ1о Юрэ, хьэрычэтыщIэ Таз Руслан, кьуажэ адміністрацэм и унафэщI Дзыхьмыщ1 Анзор сымэ.

Махуэшхуэр игъэдэхащ Эстрадэмкlэ театрым и артистхэм. Пщыхьэр зэхуащIыжащ уафэр зэщIэзыгъэна хьэрэкIытIэ зэмыфэгъуэхэм кьагъэщIа тепIъэгъуэ дахэмкIэ.

ЩХЬэЩIэМЫЩ1 Иэз.

Щ1алэгъуэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар БАГЪЭТЫР Луизэщ

ЩlэупщlэшхуэзыгъуэтаIэщIагъэ

Фэилъхьэгъуэхэр, цlыхубзхэм зэрызагъэщlэрщlэ хьэпшыпхэр къэзыгупсысхэм хуэдэ дыдэу, ди зэманым щlэупщlэшхуэ яlэщ пэшкlуэцlхэр зыгъэдахэхэми. А псоми я лэжьыгъэр кьызэщlэзыубыдэ дизайнер Iэщlагъэрщ Хъуран Лиани илъэси 8 хьуауэ зыхэтыр. А Iуэхум зэрыдихьэхам, щlэныгъэ зэрызригъэгъуэтам, япэу кьехъулIа лэжьыгъэм, нэгъуэщlхэми хъыджэбзыр къытхутепсэлъыхьащи, ди гуапэу фыщыдогъэгъуаз.



● Хьэрычэтыщlэ Iуэху

- СИ IЭЩIАГЪЭМ и къежьапIэ хъуар изопх сысабийуэ вакъэхэр зэрагъэцlу крем къасщтэу ди унэм и кlэлындорым и блынир фIыщlэу къеэлэкlауэ зэрыщытам. Зы сурэт тельыджэ сщlам хуэдэу, си анэшхуэр абы еплъауэ щытащ, кьызэшхьдэнуи кьримыгъэкlуу. А зэманым щегъэжьауэ, сытемыпыIэу суратхэр сщlырт, хьэпIащlэщlыгъэкlэ зыгуэркъэзлэрт, уеблэмэ язынысхуэхэри сщlну схуэфIэкlырт. Гурыlуэгъуэт си къэкlуэнур гъуазджэм епхауэ зэрыщытынур. КъБКъУ-м Дизайнымкlэ и колледжыр къэзуха нэужь, студием сыщылэжьэну е нэхъ мыхъуми дизайнерым и дзlэпыкъуэгъуу Iэнатlэ гуэр къэслыхьхуэну и ужь сихьащ. Арщхьэкlэ си гугъэр щхьэхэпщlэж къудейт - зыщlыпIи сыкъащтакъым. Лэжьыгъэм си нэр кьызэрыхуикlымрэ зэчий збгъэдэлъу езым кьызэрысщыхьужымрэ мащlэу кьыщlэкlащ. Ауэ седжэхукlэ Iуэхуншэуи сыщысатэкъым: си цlыхугъэхэм, си ныбжьэгъэхэм проект нэхъ тынш цlыкlуэр яхуэсщlа-гъэхэт, зыгуэркъи кьызэхъулIат. Ауэ, пэжыр пэжщи, щlэупщlэ зиIэр Iуэхум хуэIэижь хъуа лэжьакlуэхэрт, щlэзыдзэ къудейм дежкlэ ар гугъусыгъут. Апхуэдэу щыхъуми, сыдзыхакъым. Хъыбарегъащlэхэр зратхэ Интернет напэкlуэцlхэм я зым и фIыгъэкlэ зыкъысуагъаззэри, япэ лэжьыгъэр къысIэрыхьащ. Схуэзфlэкlыну? Зыкъысхуэзэшlэзэахэр арэзы схуэщlыну пIэрэ? ЕджапIэм кьыщlэсха щlэныгъэр схуирикъуну? Упщlэ куэд си щхьэм щыкlэрахъэрт. Бгым удэкlын щыщlэбдзэм кьызэрыптехьапIэм хуэдэщ лэжьыгъэм зыщепIащт къудейр... тынштхьм, уогужьей. Ауэ абы уи къару нэхъыбэ епхьалIэху, уи лэжьыгъэми нэхъ пэгъунэгъу ухуохъу, уи зэфIэкlми хохъуэ. Аращи щlэдзапIэм куэд елъытауэ къызолъытэ.

Ахъшэ хъыпэкlуэ япэ дыдэу сызэлэжьар шхапIэм и дизайнер щыIрат. IуэхущlапIэр зейм жеслащ зызгъасэ къудейуэ зэрыщытым щхьэкlэ пщlэншэу макетыр хуэсщlыну сызэрыхуейр. Ар арэзы хъуат, ауэ си лэжьыгъэр игу щыдыхьэм и уасэри къызитужащ. Иужьым нэхъ кууэ зыхэзгъэгъуэзэн щlэздзащ дизайн Iэщlагъэр зэрызэтепщlыкlыж лIэужьыгъуэ псоми, абыхъэм ятеуха курс куэди седэIуэжащ. Гъэлъэгъуэныгъэхэм щlэх-щlэхыурэ зыщысплъыхьырт, Кавказ Ищхъэрэм щекlуэкlэ зэхьэзэхуэхэм сыхэтт. Кlуэ пэтми, Iуэхум сызэрызыщlишэм гу лъыстэрт, иджы ар си гъащlэ Iыхьэ хъупащ. Сэ езым си Iэхуущlапl э къызззгъэпэщlжауэ иджыпсту цlыхуэхэм садолажьэ, Iэщlагъэлъхэри сиIэщ.

- Лианэ, зэрысщlэмкlэ, ди республикэм къищынэмыщlа, Кавказ Ищхъэрэм и щlынальэхэми ущолажьэ. Пэш гъэдэхэнымкlэ IэщlагъэлIэр зэпэубыда?

- Илъэс зытlущ ипэ къапщтэмэ, пэш, унэ теплъэхэр гъэдэхэныи ехьэлIауэ дизайнерхэр ди мащlат, апхуэдэхэм я лэжьыгъэми щlэупщlэшхуэ яIэртэкъым. Цlыхухэм нэсу къагурыIуэртэкъым дизайнерым ищlэм и мыхьэнэр. Нобэ ди Iэщlагъэм ирилажьэкэр куэдкlэ нэхъыбэ хъуащ, цlыхухэми нэхъ яфIэкъабылу ди Iэхуэтхьэбзэкэр къагъэсабэп. Дизайн лэжьыгъэкэр щызгъэззащlащ Ставрополь крайм, Къарэшей-Шэрджес, Шэшэн республикэхэм.

- Сыт хуэдэ унэтIныгъэхэр я гум нэхъ дыхьэрэ ди цlыхухэм?

- Лэжьэн щыщlэздза япэ илъэсхэм цlыхухэр нэхъыбэу зыдихьэхыу щытар Барокко стилырщ - егъэлея цlуугъэнэхэмкlэ, хэлэтыкlа, лъапIафэ унэм къытезыгъауэ пкъыгъуэзкlмкlэ я унэхэр ягъэдэхэну яфIэфIт. Куэд щlакъым, иужьрей илъэс зытlущырщ, абы къытекlыу классикэм нэхъ зыщыхуагъэззэжар. Иджы нэхъ къащтэ пэшыр ял щlэмыту нэхуу, хуиту щытмэ.

- Сыт хуэдэ лэжьыгъэ нэхъ къохъулIа? Сыт нэхъ удэзыхьхыр?

- Дизайн Iэхуэм сызэрыхэт илъэс бжыгъэм си екъулIэныгъэ нэхъыщхьэу къэслъытэр ахъшэу бхъэлэжьыфаракъым. Псом нэхъыпэ нэхъыщхьэу къэслъытэр гъащlэм апхудэ Iэщlагъэ - гъуазджэм епхауэ сылэжьэну - Iэмал къызэрызитарщ. Кьыхэгъэщlыпхъэщ дизайнерым и лэжьыгъэм иIэ щlэупщlэм илъэс къэс зэрыкъхъуэр, абы зыуегъэужь уи хьэлкlи Iуэху бгъэдыхьэкlэкlи. Цlыхум садэлэжьэнырщ си дежкlэ мыкъэнэ нэхъыбэ зиIэр. Псом хуэмыдэу творческэ цlыху гъэщlэгъуэнхэр ззэгъэщlыхуну, абыхэм садэлэжьэну сфIэфIщ. Сэ сыхущlокъу дэтхэнэ лэжьыгъэри ипэ итам къащхьэщызгъэкlыну, нэхъ удэзыхьэхын гуэр хэслъхьэну. Iуэхут-хьэбзэр зыхуэсщlэмрэ сэрэ дыщыззэгурыIуэм абы нэхърэ нэхъ лъапIэ си дежкlэ щыIэкъым. Жыслэнкъым мы лэжьыгъэм гугъуехь пымылъу. Ауэ шхапIэ, хьэщlэщ, зыгъэпсэхупIэ, унэ, фэтэр - сыт хуэдэми сыщlилэжьэну сфIэфIщ. Иужьрей ззэманым и ужь сихьащ зэхэм кьедзылIа щlапIэхэр, пщlантIэхэр гъэщlэрэщlэнми.

- Уэ щапхъэу къэплъытэ дизайнер щыIэ?

- Урысейм и дизайнер щlэрыIуэ куэдым я лэжьыгъэхэм сигу ирихьу зыхьзэгъэгъуаз. Ауэ нэхъыбэу тегъэщlапIэ сщlыр архитектор щlэрыIуэ, хьэрыпи дизайнер Хадид Захэ и творчествэрщ. ИкъукIэ цlыхубз тельыджэт, абы и лэжьыгъэхэр си дежкlэ узыльэмыIэс фIыгъуэхэм ящыщщ. Мы зэманым КъБР-м и Дизайнерхэм я зэгугъхьэныгъэм сыхэтщи, дэтхэнэми зым адрейм и деж щlэ гуэр хьэщыещlэф, дыхьэдIэпыкъу. Абыи мыхьэнэшхуэ иIэщ.

- Уи лэжьыгъэхэр къоуылIэнымкlэ дэрэжэгъуэ сытым къуитрэ?

- Творческэ Iэщlагъэм деж «иджыпсту сытIысынщи, мурадыщlэ гуэркъэ къэзгупсысынщ», жьпIэу щыткъым, уеблэмэ апхуэдэу и ужь уихьэми, къохъулIэнукъым. Ауэ щlэ гуэркъэм зэпымыIуэ улъыхъэн хуейщ, нэхъ къызэрыгуэкlми зы телъыджэ гуэр хэплъэгъуэфу щытыпхъэщ.

Епсэлъар

БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Фэеплъхэр зыгъэпсхэр

Скульптурэр гъуазджэм и лIэужьыгъуэ нэхъ гугъуэхэм икlи зэман нэхъыбэ зытекlуадэхэм ящыщу къыщlэкlынщ. Ауэ дэтхэнэ лэжьыгъэри тхыдэм, зэманым и щыхьэту къоув, лIыхъжьыр е къэхъукlащlэр гъуджэм къригъэщыжми ярейуэ.

● Гъуазджэ

Ащхъуэт Сослъэн

ТэрЧ КъАЛэМ щыщ скульптор ныбжьыщlэ Ащхъуэт Сослъэн и Iэдакъэщlэкlым еувэлIэн ипэ, ар зытеухуар куууэ щlеджыкlи. ИтIанэ а Iуэхур сурэту и нэгу къыщlэува нэужь, лэжьыгъэм и ужь йохъэ. Сослъэн ищlа скульптурэхэм ящыщу и гум щигъафIэр, мыхьэнэшхуэ зритыр и лъахэм триухуахэрщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщlэ, Къэнжалыщхьэ зауэм и фэеплъыр, бжьамий зыIыгъ щlалэ цlыкlуи и теплъэр, «Диоген» скульптурэхэр. Ахэр мызэ-мытIэу щlалэм щигъэлъэгъуащ выставкэ зэхуэмыдэхэм.

Сослъэн сурэт щыныр фIыуэ илъагъуу и адэ-анэм гу щыльатэм, художественнэ школым ягъэкlуауэ щытащ. Абдеж абы япэу щlилъэгъуащ адыгэ сурэтыщlхэм - ТхьэкlумашэМихаил, КIыщ Мухьэдин, Шемякин Михаил сымэ - я Iэдакъэщlэкlхэр. Абыхъэм я Iэщlагъэр зигу дихьа щlалэр нэхъ егугъу хъуащ а гъуазджэм и щэхуэгъэ кьызэриттIэщlыным. Гъуазджэм кьызэрыхуигъэщlар и фIэщ щыхъум, Сослъэн щlэтIысхьащ Владикавказ дэт художественнэ еджапIэм. Абы щlэсхуу, ар жьыджэру хэтащ гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым. 2013 гъэм япэ увыпIэмрэ сауГъэт нэхъыщхьэмрэ абы и лэжьыгъэхэм кьыщыхуаГъэфэщащ «Шемякиным и гъатхэ» зэпеуэм. Училищэр кьыщlих илъэсым Ащхъуэтыр хэтащ Строгановым и цlэр зезыхьэ академием кьызэриГъэпэщ дунейпсо олимпиадэм. Абы пашэ зэрыщыхьуам и фIыгъэщ экзамен имыту ар скульптурэмкlэ кафедрэм и япэ курсым, профессор Бурганов Александр и нэIэм щlэтым, зэрыщlэхуар. Апхуэдэу щlалэр Москва кьыщыхутащ.

2019 гъэм кьиуха еджапIэ нэхъыщхьэм щlэсыху Сослъэн щхьэх имыIэу дунейпсо зэхьэзэхуэхэмрэ щlалэрГъуалэ гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ хэтащ.

Щlалэм и Iэдакъэ кьыщlэкlахэм яхэтщ СССР-м и цlыхубэ артист, Хэку зауэшхуэр щекlуэкlа илъэсхэм Къэбардей-Балъкъэрым и гъащlэр пыщlауэ щыта Этуш Владимир и бюстыр. «Лэжьыгъэр сыщlохъуэпс сыкъыщалъхуа Тэрч къалэм щагъэувыну, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ Этуш Владимир Тэрч щыналъэм щызэуащи. А цlэрыIуэр къызэралъхурэ етIанэгъэ илъэси 100 ирикъунут. Сыхуейт Тэрч къалэм щlыхь зиIэ а цlыхум и феплъыр абы ирихьэлIэу ягъэувыну», - жеIэ Сослъэн.

Иджыпсту Ащхъуэтыр щолажьэ Урысейми дуней псоми зи скульптурэхэр щагъэува, УФ-м и цlыхубэ художник Щербаков Салават и лъэщапIэм. Мы зэманым зэхьэзэхуэм хуегъэхьэзыр Невский Александр и фэеплъым и эскизыр.

- Седжэкъкlэ, ар школ, лицей, академие ирехъуи, гъэсакlуэфI кэдым сахуэзащи, дэтхэнэми фIыщlэ яхуэзощl. Щхьэхуэу кьыхэзгъэщыну сыхуейт художественнэ школым сыщеэзыгъэджа Къатей Арсен, гъуазджэр фIыуэ зэрыслъэгъуам абы и гуащlэ хэлъщ, - дыщlеГу Ащхъуэтым.

Ащхъуэт Сослъэн и мурадхэм ящыщщ Кавказым и щэнхабзэм нэхъ куууэ зыщlэзгъэззэну, нарт эпосым теухуа фэеплъ зыжьанэ ищlыну. ЩIохьэупс и Iэдакъэщlэкlэхэр Урысейм рэ Къэбардей-Балъкъэрымрэ я цlыху цlэрыIуэхэм триухуэну.

КУРПЫГЪУ Синэ.



● Узыншагъэ

И зэфIэкIым хегъахъуэ

Бахъсэн къалэм щыщ ЛIыгъур Юрий Москва дэт дунейпсо онкологие центрым лучевой терапиемкlэ и къудамэм и дохутырщ, абы кьыдэкlуэу Лъэпкъэм я зэныбжьэгъуэгъэм и Урысей университетым и ординатурэм «радиологие» Iэщlагъэм щыхуоджэ.

МЫ ЗЭМАНЫМ ар зыхэт гупыр йолэжь онкологие центрыр бжыгъэ лэжьэкlэм тету кьызэгъэпэщыным, сымаджэхэм япэIэщlэу я узыншагъэр зэрызэфIэувэжыр къапщытэфын, кlэлъыплъын папщlэ.

- Ди лъэпкъым дохутыр е дзэм и лэжьакlуэ хэтауэ сщlэркъым. Ауэ щlэныгъэм хуэпабгъэ унагъуэм сыкъыщыхуащ: си анэшхуэр адыгэбзэмкlэ егъэджакlуэу щытащ, си анэр библиотекэм и лэжьакlуэщ, си адар гъащlэм сыт и Сыэныкъуэкlи си гъуаззащ, - жеIэ дохутыр щlалэщlэм. - ЩIэныгъэ уиIэным зэпымыуэ ухуэпабгъэу щытыпхъэщ, икlи зыгуэр къохъулIэн папщlэ, кьарурэ ерыщагъэрэ ухуейщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкlэм сыхуэзыгъэIущар унагъуэращ, ауэ фIыщlэшхуэ щlахуэсщlыр езым си гъуэгур кьыхэсхьыжну си адэ-анэм хуитыныгъэ кьызэрызатарщ.

2008 гъэм Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапIэ №4-р дыщэ медалкlэ кьиуха нэужь, ЛIыгъурыр щlэтIысхьащ Кировым и цlэр зезыхьэ дзэ медицинэ факультетым. И Iэщlагъэм епха лэжьыгъэм япэ лъэбакъуэкэр хуичын щIидзащ академием дохутырхэр щагъэхьэзыр (Дзэ-хы флотым щхьэкlэ) и факультетым. Курсант фащэм кьыщыщlэдзауэ дохутырым и хьэлат хужьым щыщlэкlыжу жэуапIынигъэ ин зыпылъ гъуэгуанэ кьызэпичыныи ар хунэсащ: Кавказым, Сириеми и Дзэ-тенджыз флотым (медицинэ IэнатIэм и унафэщlу) кьулыкъу щищlащ.

Щlалэм и кьалэнхэр щlыхь пылъу егъэзащlэ, и зэфIэкlым зэрыхигъэхъуэнуми и ужь итщ. Апхуэдэуи жеIэ Хэку къигъэззэжыным и гур зэрыхуэзэIухар.

Iэщlагъэ нэхъ гугъуэхэм ящыщым зезыпщыта ЛIыгъурым и екъулIэныгъэхэм ятеуухуауэ хьыбар куэд дяпэкlи зэхэтхыну дыщогугъ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъэ.

● Щэнхабзэ

Къафэр зи гъащlэ

Алтуд къуажэм къыщалъхуа Лу Сюзаннэ и сабиигъуэм щыщ Iыхьэшхуэщ Щэнхабзэмкlэ унэм щигъэкlуащ, и анэр абы щылажьэрти. Езыми зыкъыкlэрымыгъэхуу, музыкэ школым фортепианэм щыхуеджащ, къэфэнри зыхилхьэ щыпмыIэу зригъэщlат.

ИджЫ Сюзаннэ Алтуд къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щlалэгъуалэм ядалэжьэнымкlэ и IэщlагъэлIщ, апхуэдэуи сабий къэфакlуэ ансамбль абдеж къыщыззригъэпэщауэ ильэси 7 хьуауэ гуп егъаз.

А гъэгуанэм техьэн илэ, Сюзаннэ 2015 гъэм кьиухащ КъБКъУ-м и Физико-математикэ факультетым медицинэ физикэмкlэ и къудамэр. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэту кьыщалъхуа къуажэм игъэззэжа нэужь, абы кьыгурыIуащ зэрыщlыкlыр зыхьат щэнхабзэ Iэхуэм епхауэ лэжьэну зэрыхуейр икlи Iэнатlэ кьыхуагъэзлъэгъуам арэзы ирихьуащ. 2020 гъэм «Цlыхубэ технологическэ университет» мыкоммерцэ автоном Iэхуэщlапl эм IэщlагъэлIэр зэригъэхьэзыр и программэм хыхьэу, «къэфэнымкlэ гъэсакlуэ» цlэр къыхуагъэфэщащ.

Зи лъэпкъ тхыдэм пщlэ хуэзыщlыну къагъэгурыкlуэ Алтуд къуажэм кьыдэкlуэтей и щlэблэр адыгэ щэнхабзэм дригъэхьэхын мурад иIэущ Сюзаннэ щэнхабзэ-зыгъэпсэхупIэ центрым епхауэ «Горный родник» къэфакlуэ гупыр кьыщыызэригъэпэщар.

Сюзаннэ и лэжьыгъэмкlэ къызэщlеубыдэ цlыкlуэхэр спортым, щэнхабзэм, волонтёр лэжьыгъэм хэшэныр.

- Щэнхабзэм ехьэлIа лэжьыгъэм дыкъытеувыIэмэ, къафэм сабийхэр гупишу гуэшауэ къокlуалIэ. Нэхъ цlыкlуэхэр (зи ныбжьыр илъэси 5 - 14 хьуэр) зыхэт гупитIым сабий 99-рэ къокlуэ. «Жемчужинка», «Горяночка» гъэфIэныщlэхэр абыхэм яфIэсщащ. Я ныбжьыр илъэс 15-м кьыщыщlэдзауэ 30-м нэс хьуэр зыхэт гупыр цlыху 25-рэ мэхъу, - жеIэ Сюзаннэ.

Абы и къэфакlуэ цlыкlуэхэм я зэрыщlыкlыр къуажэмэ районми щекlуэкlа Iуэхуэхэм мызэ-мытIэу щагъэлъэгъуауэ. «Горный родник» ансамблыр илъэс къэс «Прохладненская весна» фестивалым хэтщ, апхуэдэуи «Подари улыбку миру» щIыналъэ зэпеуэм и зы лIэужьыгъуэ «Лъэпкъ къафэ» Iыхьэм япэ увыпIэр къыщахьащ. «Хабзэм и хъуакlуэкlэ» район зэхьэзэхуэм зыкъыщагъэлъэгъуа иужь, лъэпкъ щэнхабзэр зэрахъумэмрэ я Iэзагъэмрэ кьыхигъэщу, Прохладнэ районым и щlыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм Щlыхь тхьилъ гушыIэм къыхуигъэфэщащ. Ансамблыр ирагъэблагъэ республикэм щекlуэкlи щэнхабзэ Iуэхуэхэми. Апхуэдэ зыщ Къардэнгъущl Зырамыку и Iэдакъэщlэкlхэм теухуауэ ирагъэкlуэкl зэхьэхьэхэм дэрэжэгъуэ ин яхэлъу зэрыхэтыр.

- Ди къуажэм илъэсым и кlуэцlкlэ спорт лIэужьыгъуэхэмкlэ зэпеуэхэр щlэх-щlэхьыгъэ кьыщыззрагъэпэщ. Дэ ди къалэным хохьэ гупхэр зэщlадгъэуIуэу апхуэдэ спорт джэгуэхм етIащlэм. Къыщыцнэмыщlауэ, волонтёр лэжьыгъэри зздгъэтIыпIэкlырщ, икlи абы папщlэ кьызздгъэпэщуа гупым цlыху 20 хэтщ, къуажэми, районми, республикэми щекlуэкlи Iуэхуэхэм жыджэру я гуащlэ халъхьэну, - жеIэ Сюзаннэ.

АЛЪХЪО Дыжьын.

Жьабзэр фащэмэ, тхыбзэр Iэщэщ

Лъэпкъ къэс езыр иригушхуэу иIэщ и анэдэлъхубзэр. Апхуэдэщ адыгэхэми къыддалъхуа ди бзэр - ар куэдкlэ адрейхэм къащъэщокlэ. ЩIэныгъэлIхэм жаIэ адыгэбзэм и макъэр гугъу дыдэхэм ящыщу, къэпсэлъыгъуейуэ. Ауэ дэ езым ди дежкlэ абы нэхъ дахи, нэхъ къулеи, нэхъ тынши щыIэкъым.

БЗЭР лъэпкъым догъуэгурыкlуэ, зеужь, ар зейм яIурылъмэ, унагъуэм исхэр ирипсалъэмэ, щlэблэм ирагъащlэмэ. Пщlэкъыр псом япэу зэкъуэзыгъэуэвэфынур анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэщ. Ар нэгъуэщlхэм къащхьэщызыгъэкlыр, и щlэнкlэпсэукlэр зыхуэдэр, зэрихьэ хабзэмрэ дуней тетыкlэмрэ къыбжезыIэр и бзэращ.

ЩIэныгъэлIхэм кьабжащ дунейм бзэуэ миних щызекlуэу. Апхуэдэуи ирогузавэ абы и ныкъуэр кlуэдыжынкlэ шынагъуэ зэрыщlыным. Къэралышхуэхэм щыпсэу лъэпкъ мащlэхэм я анэдэлъхубзэхэр нэгъуэщlхэм щыхэшыпсыхьыж къохъу. Къищынэмыщlауэ, нобэ гущlэм щытепщlэ Интернетым и зэрани кьыдокlи, бзэм теухуауэ къапщтэмэ.

Бзэм ирипсалъэм я бжыгъэр хэщlыкlуэр екlуэкlмэ, кьамыгъэсабэпхьжмэ, бзэхьжьыну аращ. Уэрэфыпсалъэ бзэм ригупсысэркъым, апхуэдэу щыхьхькlэ - ар щымыIэ пэлъытэщ.

Жьабзэр фащэмэ, тхыбзэр Iэщlащ. А тIур зэпэIэщlэ хъунукъым, зэгъуесу щытын хуейщ. Ар гъащlэм кьихьа зы пэжщи, жьабзэри тхыбзэри зэдэдгъэкlын хуейщ.

Унагъуэм кьыщыщlедзэ щlэблэм бзэр Iурылъу къэхъунур. «Адыгабзэр щытlэ къытхуэсабэпыну?» - жызыIэхэр пхэнжу гупысысу, щlэныгъэ ябгъэдэмылъу кьызолъытэ. Апхуэдэхэм къагурыIуэркъым лъэпкъыр зыхъумэр езы бзэр арауэ зэрыщытыр. Ухуейкlэ, ухуаIуэу лажьэ, ухуейкlэ, дохутыр Iэщlагъэр къыхэх - нэхъыщхьэр гурэ псэкlэ укъызыхэкlа лъэпкъым ущыщынырщ.

Гъащlэм сыт хуэдэ гуэргу щыхишами, цlыхум уэрэщlыгуэ хъунур кьрипщlэфынущ ар и анэдэлъхубзэм зэрыхуущытымкlэ. Акъылым и лъабжьэр бзэращ. Тхакlуэ, усакlуэ цlэрыIуэхэу Щоджэнцlыкlу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIэрашэ Тембот, Уэхъутэ Абдулыкъ, Мэшбащlэ Исхьэкъ, Тхьэгъэзит Зубер, Бещтокъуэ Хьэбас, Бемырзэ Мухьэдин сымэ адыгабзэр щэрыуэу кьыщlагъэсэбэпыфар я адэшхуэ-анэшхуэхэм, я нэхъыжьыфIхэм анэдэлъхубзэр екlуу, нэгъэсауэ яIурылъти аращ. Ар щlыжьыслэращи, ди анэдэлъхубзэр тхъумэным хэкlыпIэ куэд иIэщ: унагъуэм бзэр кьыщыдгъэсэбэпын, ди тхакlуэ щэджащэхэм я тхыгъэхэм деджэн, адыгабзэкlэ кьыдэкlи журналхэмрэ газетхэмрэ унагъуэ къэс кьаIэрыгъэхьэн, радиомрэ телевиденэмрэ адыгабзэкlэ ягъэхьэзыр нэтынхэр нэхъыбэу кьагъэлъэгъуэн. А псори Iуэху гугъукъым, абы щыгъуэми, сэбэн хьунут илхьэлъу адыгабзэр зыхрагъэщlэнымкlэ. Уи щхьэ, уи лъэпкъ бгъэлъэпIэнымэ, уи бзэм хуэфащэ гулъытэ хуэщl - нэгъуэщl Iэмал щыIэкъым анэдэлъхубзэр ирипхъумэну.

КЪУЭДЗОКЪУЭ Фаридэ.

Бахъсэн къалэ

● Iуэху еплъыкlэ

Шэрджэс-урысей зэхущытыкІэр 1552 - 1829 гъэхэм

● Тхьилъыщ Іэ

Бытырбыху дэт «Нестор-История» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ адыгэ тхыдэ щІэныгъэм куэд щІауэ зи цІэ щыІуа, КъШР-м щыщ щІэныгъэрылажьэ Уэз ФатІимэ и тхыльыщІэ: «Анэмэт Іэзхугъэум шэрджэс-урысей зэхущытыкІэм щыубыд уэрІэр: 1552 - 1829 гъ.» («Институт аманатства в черкесско-российских отношениях 1552 - 1829 гг.»). Лэжьыгъэм тегъэщІапІэ хуэхъуащ бзылъхугъэ зэчиифэм и доктор диссертацэр.



«МЫ къэхутэныгъэр зытеухуар нахьыбэу Мэзкуурэ Бытырбыхурэ пыщІауэ къеклуэкІа Къэбэрдейр щІауэ (КъуэкІыпІэ Шэрджэс-сейщ), - щетх Уэз ФатІимэ тхылъым и пэублэм. - Ауэ къыхъапІэ-шэрджэс лъэныкъуэм щекІуэкІа Іуэхугъуэхэри гулъытэншэ щІыныр къытхуегъэзэгъакъым. Ялэрауэ, XVI лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм - XVIII лІэщІыгъуэм и ялэ Іыхьэм елха урысей тхыдэ дэфтэрхэри, къэрыпыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ, алыджыбзэкІэ, урымыбзэкІэ, нэмыцкІбзэкІэ, персыбзэкІэ, урысыбзэкІэ, франджыбзэкІэ зекІуэ тхыдэ лэжьыгъэхэр а хабзэм тетщ. ЕтІуанэрауэ, кавказыдж цІэрыІуэхэм я хьэлт щІыналъэр къызэщІубыдауэ яджыныр, абы Іэмал кьыует Кавказым дунейпсо гъащІэм щыубыд уэрІэр хуэбгъэзэлъэгъуэ».

Тхьилъэр Іыхьиплрэ гуэдзэну зэхэтщ. Ялэ Іыхьэр адыгэбзэкІэ «анэмэт» жыхуэтІо, ауэ къызыхэкІа хьэрыпыбзэмэ урысыбзэмэ «аманат» фІэщыгъэр щызэзыхьэ псальэм и мыхьэнэм теухуащ. А Іыхьэм щІэныгъэрылажьэм къыщыдгурегъаІуэ псальэм и мыхьэнэ дыдэмрэ ар политикэм епха термин щыхъуКІэ, къиКІым зэрызихъуэжьмрэ. Политикэ зэгурыІуэныгъэкІэ къэралитІ щызэбгъэдэувэм дежь, зым адрейм ирита псальэр зэригъэпэжмкІи щыхьэту, анэмэтхэр зэІэпах. Апхуэдэжэм я щапхъэщ Кавказым ираша щІалэхэр урысыдзэм хагъэхьэу, Бытырбыху щрагъаджэу, европей гупсысэкІэ зэрыратыпнум хущІэкъуу, нэгъуэщІу жыпІэмэ, къару нэхъыбэ зыбгъэдэлъ къэралыгъуэм хуэщІэнэн щІыху лІэужьыгъуэ къыхащІыкІыным елІалІэу кьыззэрекІуэкІар. Урыс-сеймрэ Каказымрэ я гугъу тщІыпмэ, Уэз ФатІимэ и лэжьыгъэр щІыхьэту къоув дэфтэрхэри, къэрыпыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ, алыджыбзэкІэ, урымыбзэкІэ, нэмыцкІбзэкІэ, персыбзэкІэ, урысыбзэкІэ, франджыбзэкІэ зекІуэ тхыдэ лэжьыгъэхэр а хабзэм тетщ. ЕтІуанэрауэ, кавказыдж цІэрыІуэхэм я хьэлт щІыналъэр къызэщІубыдауэ яджынырэ, абы Іэмал кьыует Кавказым дунейпсо гъащІэм щыубыд уэрІэр хуэбгъэзэлъэгъуэ».

Тхьилъэр Іыхьиплрэ гуэдзэну зэхэтщ. Ялэ Іыхьэр адыгэбзэкІэ «анэмэт» жыхуэтІо, ауэ къызыхэкІа хьэрыпыбзэмэ урысыбзэмэ «аманат» фІэщыгъэр щызэзыхьэ псальэм и мыхьэнэм теухуащ. А Іыхьэм щІэныгъэрылажьэм къыщыдгурегъаІуэ псальэм и мыхьэнэ дыдэмрэ ар политикэм епха термин щыхъуКІэ, къиКІым зэрызихъуэжьмрэ. Политикэ зэгурыІуэныгъэкІэ къэралитІ щызэбгъэдэувэм дежь, зым адрейм ирита псальэр зэригъэпэжмкІи щыхьэту, анэмэтхэр зэІэпах. Апхуэдэжэм я щапхъэщ Кавказым ираша щІалэхэр урысыдзэм хагъэхьэу, Бытырбыху щрагъаджэу, европей гупсысэкІэ зэрыратыпнум хущІэкъуу, нэгъуэщІу жыпІэмэ, «КІэс зи щІэ пщым ей». «Дэ дыззэрепльымкІэ, - етх абы адэкІэ, «шэрджэс» льэпкъыщІэр ялэу къэзыщтар къэрыпыбзэкІэ, «шэрджэс» льэпкъыщІэр ялэу къэзыщтар зэрыпхашамкІэ. Псори зыщыгъуазэ тхыдэ хъыбархэм къриплъэж хуэдэурэ, ФатІимэ, ялэрауэ, дыззэсэжа тхыдэ теплъэгъуэхэм нэгъуэщІ-нэкІэ дрегъэплъ. ЕтІуанэраауэ, адыгэ-урыс зэхущытыкІэр Іыхьэ-Іыхьэу егъэшри, анэмэту ята щІалэ цІыкІуэхэм ятепсэльтхьыкІэрэ, пщы-гъуитІым якІу дэлъа зэгурыІуэныгъэр зауэм зэрыхуэзыкІуа Іуэгурэм ироплъэ.

КъыкІэльыкІуэ тхылъ Іыхьэхэм Уэз ФатІимэ щызэпкърех езым пкъыгъуищ ирищІыкІа Урысеймрэ Шэрджэсеймрэ я зэбгъэдэтыкІэр. Анэмэт Іуэхугъуэм шэрджэсхэмрэ урысхэмрэ я зэхуэкум зэрызыщІужьа щІыкІэр къызэриГъэльэгъуэм дежь, зым адрейм ирита псальэр зэригъэпэжмкІи щІэныгъэрылажьэм зэщІигъэуІуэ зэманыр илъэс 300-м хузбгъэкІуэфынущ. «Дэ ди гуэшыкІэр Броневскій Семён и гуэшыкІэм тохуэ, - жеІэ езы ФатІимэ. - Дэ ар зы налъэкІэ иридгъэкъуну дыхуейуэ аркъудейщ. Ар «лыкІуэхэм я лъэхъэнэ» зыфІэтща зэмани а зэхущытыкІэм зэрыхэтащ, а щапхъэр икІи Урысеймрэ Кавказымрэ я зэхущытыкІэр зытетар наІуэ къызэрыплъыфэ Іэмалщ. Абы къыхэкІыу, дызытепсэльыкьпхъэ лъэхъэнэхэр щы мэхъу: «лыкІуэхэм я лъэхъэнэ» (1552 - 1721); «щІыналъэкІуэщІ дипломатие» (1722 - 1763); «Кавказ зауэм и яп Іыхьэ (1763 - 1829)».

ГъэщІэгъуэнщ Уэз ФатІимэ «шэрджэс-», «Шэрджэсей» фІэщыгъэхэм ятеухуауэ иІэ ерпльыкІэри. Ар и акъылэгъущ адыгэ хэм Шэрджэсей цІэр щІигъуэта щхьэусыгъуэр пщы КІэс зэрызэфІиГъэувам къыхэкІауэ жызыІэхэм. Нэгумэ Шоро и «Пщы(р) КІэс(щ)» псалъэ зэпхар кьегъэсэбэпри, ар щІыналъэщІэм зэрыхэхІуэ гъэгум ироплъэ ФатІимэ: «Пщы(р) КІэс(щ) ейц», нэгъуэщІу жыпІэмэ, «КІэс зи щІэ пщым ей». «Дэ дыззэрепльымкІэ, - етх абы адэкІэ, «шэрджэс» льэпкъыщІэр ялэу къэзыщтар къэрыпыбзэкІэ, «шэрджэс» льэпкъыщІэр ялэу къэзыщтар зэрыпхашамкІэ. Псори зыщыгъуазэ тхыдэ хъыбархэм къриплъэж хуэдэурэ, ФатІимэ, ялэрауэ, дыззэсэжа тхыдэ теплъэгъуэхэм нэгъуэщІ-нэкІэ дрегъэплъ. ЕтІуанэраауэ, адыгэ-урыс зэхущытыкІэр Іыхьэ-Іыхьэу егъэшри, анэмэту ята щІалэ цІыкІуэхэм ятепсэльтхьыкІэрэ, пщы-гъуитІым якІу дэлъа зэгурыІуэныгъэр зауэм зэрыхуэзыкІуа Іуэгурэм ироплъэ.

КъыкІэльыкІуэ тхылъ Іыхьэхэм Уэз ФатІимэ щызэпкърех езым пкъыгъуищ ирищІыкІа Урысеймрэ Шэрджэсеймрэ я зэбгъэдэтыкІэр. Анэмэт Іуэхугъуэм шэрджэсхэмрэ урысхэмрэ я зэхуэкум зэрызыщІужьа щІыкІэр къызэриГъэльэгъуэм дежь, зым адрейм ирита псальэр зэригъэпэжмкІи щІэныгъэрылажьэм зэщІигъэуІуэ зэманыр илъэс 300-м хузбгъэкІуэфынущ. «Дэ ди гуэшыкІэр Броневскій Семён и гуэшыкІэм тохуэ, - жеІэ езы нэхущхуэ трезыгъадзэ щыхьэт нахуэхэр зыщІыпІэ «къызэрыщІыпІыкІыфым» ищІыужкІэ, ФатІимэ а къигуэтам ди зэхэщІыкІым щихъуэжьипхъэри гунэсу кьыббгъэделъхьэ. Апхуэдэ щапхъэхэм язу адыгэбзэм кьидгъэзэгъащ адыгэхэр Пётр Езанэм зэрыдекІуэкІа щІыкІэр кьыщыгъэлъэгъуа пычыгъуэр:

«Пётр Езанэм Къэбэрдейм и пщы пашэхэм яхурагъэхьа грамотэхэр (1711, 1713, 1721, 1723) щыхьэту къоув лъэныкъуитІым зэдаухуар зауэ-политикэ зэгурыІуэныгъэу зэрыщытыр. Ар Іупщіу къегъэлъагъуэ Пётр Езанэм 1709 гъэм маЗаем и 15-м Азов и губернатор Толстой Иван адыгэхэм щхьуку ягурыІуэн зэрыхуейм щытепсэльыхьу хуриГъэхьа тхылъэм. «Иджыпсту кърымхэм езауэ [шэрджэхэмэ], - етх Пётр Езанэм, - дэ кьыдгухьэн ядэну пІэрэ?» Урыс пащтыхьым Толстой Иван и пщэ дилъхьауэ щыта а кьалэн щхэр и кІэм нигъэсауэ щытащ пщы Бекович-Черкасский Александр, езы адыгэхэр пащтыхьым дызэгуГъэхьэ жаІэу кьелъэІуэ хуэдэу Іуэхур кьэзэригъэпэщри. Урысейм лІыкІуэ Іуэхугъэр зэрыщІэзрахьэ хабзэр зэрылажьэр апхуэдэуэт: мэзкуу пащтыхьыгъуэм ялэу зыкІыхуэзыгъаэз лъэныкъуэр зэгуГыуа къэралитІым я нэхъ лъахъшэ ЗхурТ».

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Уэз ФатІимэ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктору, КъШР-м Гуманитар щІэныгъэхэмкІэ и институтым ыхьхьэ къудамэхэм я зым и унафэщІщ. Бытырбыху дэт къэрал университетыр 1987 гъэм диплом плъыжькІэ кьиуахащ, и кандидат диссертацэр СССР-м ТхыдэмкІэ и институтым щыпхигъэкІащ. Нобэ зи гугъу тщІы тхылъыр Бытырбыху дэт Щ.Іэныгъэмкіэ Урысей академием (РАН) Тхыдэмкіэ и институтым абы 2019 гъэм щыпхигъэкІа доктор лэжьыгъэщ.

Уэз ФатІимэ и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Шэрджэсейм и тхыдэм теуХуа очеркхэр» тхылъыр, адыгэ тхыдэм теуХуауэ лэжьыгъи 100-м щІигъу. Абыхэм уэшроХэлІэ Мэзкуу, Бытырбыху, Анкара, Дон-Іус-Ростов, Тамбов, Къэзан, Налшык, Мейкьуапэ, Псыхуабэ, Черкесск къыщыдэкІ щІэныгъэ тхылъхэм.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Мэремыкъуэ Хъусен Билал и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщІыныгъэшхэу игъэтащ - куэдрэ сымэджа нэужь, и ныбжьыр илъэс 74-м иту дунейм ехыжащ КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цІыхубэ артист Мэремыкъуэ Хъусен Билал и къуэр.

Хъусен Билал и къуэр Бахъсэн щІыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм 1948 гъэм мазаем и 12-м кьыщалъхуащ. Уэрэд жьІэн пасэу щІидзащ абы. Курыт школыр кьызэриухам щыхьэт техъуэ тхьилъэр кьыІэрихьэжа нэужь и мурадащ юридическэ факультетым Іэщ1агъэ щызэригъэгъуэтыну, ауэ я школым и унафэщІым щІалэм чэнджэщ къриитащ музыкэ училищэм щІэтІысхьэну. Артист Іэщ1агъэм хуеджэ щІалэм дзэ къуплькъур щрихьэкІащ. Куйбышев дэт гарнизоным уэрэдымрэ къафэмкІэ и ансамблым. Абы къыдэкІуэу и еджэным щыпищэрт музыкэ училищэм пщыхьэщхьэкІэрэ студентхэм ядэлажьэ и къудамэм, самодеятельностым хэтхэм я щІыналъэ, республикэ зэпеуэхэм мызэ-мытІэу щытекІуащ. Еджэныр къиуха нэужь Къэрал музыкэ театрым щылажьэурэ абы радиом щригъэтхащ «Нанэ» композициэр (Щоджэнцыкіу Алий и уэсэм макъамэ щиліъхьэри).

Мэремыкъуэ Хъу. Б. и гъащІэ псор я щапхъэ нэсщ дыщалъхуа республикэм хуэпэжыным, ифІ зыхэлъэкІэм телажьэным. Абы хьэхьэныгъэшхэу хуищІащ цІыхубэ уэрэдым зегъэужьыным икІи творческэ къуплкъур щрихьэкІащ. Ар ауэрІмрэ и ансамблыфІагъымрэ я фІыгъэкІэ Кавказ Ищхъэрэм и щэнхабзэм и лэжьакІуэ цІэрыІуэхэм я самтырым хуэфэщэн увыпІэ щиубыдащ.

ПІалъэ кІэщІым увыпІэ щиубыдэу Мэремыкъуэ Хъусен хъуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ артистхэм ящІщ. Псори зэхэту абы уэрэд 300-м щІигъу игъэзэщІащ, композиторэр цІэрыІуэхэу Къардэн Хьэсэн, Хьэпэ Іуэпэ Джабрэил, Балэ Мухьэдин, Жырыкъ Заур, Къэбэрдокъуэ Борис, Даур Аслъэн сымэ ятхуэу.

Мэремыкъуэ Хъу. Б. жиІэу щытащ: «Щэнхабзэ зимыІэ лъэпкъыр лъапкъэщ, икІи ар зэхьэлІар макъамэм и закъуэкъым».

Щыхуэ Іуэпэм, зэчиифІэм, псэ кьабзэм и фэепль нэхур игъащІыжа Хъу. Б. ильынщ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэ.

● Щіыуэпс

Ди мэзхэр

Гъэм и хуабэгъуэм мэзым ухуэбэлэрыгъ зэрымыхъунур абы и хъуманкІуэхэм фІыуэ къагурОІуэ.

Я КЪАЛЭНХЭР яхуэгъэзэщІэн папщІэ иджырей Іэмэпсымэрэ техникэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэзхъуманІэхэм 150-м наблагъэ къыщІэзэрагъэпэщащ. Абы Іэмал кьаритынущ мэзыльэщІыпІэхэм я нэхьыбэр я нэІэм щІэтынымкІи, зэрымыщІэкІэ мафІэс къэхъуэмэ, псынщІэрыщІэу Іуэхур гъэзэкІуэжынымкІи.

Мы зэманым лэжьакІуэхэм яхъумэ жыг зэмылІэужьыгъуэ куэду зэхэт мэзыльэу гектар 1400-м нэблагъэ. Абыхэм ящыщу гектар 200-м нэхърэ нэхъыбэр гъэтІысыныпхъэу зэрыщыгугъ жыгыщІэ цІыкІухэм я хьэсапкъэщ. Гъэмахуэр къэкІыгъэхэм зыщагжь лъэхъэнэу зэрыщытыр кьагурыІуэу, дэтхэнэ зы жыгми хуосакъ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Пшыхьхэр

Гупсысэ нэхухэр

КъБКъУ-м и щІэныгъэ библиотекэм пшыхь гуапэ щекІуэкІащ. Абы щагъэлъэпІащ иджыблагъэ УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгуХъэныгъэм хагъэхьа усакІуэ Нэгуыеуей Радимэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБКъУ-м и библиотекэм и лъэхэхуэ къудамэм и лэжьакІуэхэм.

НэГЪУЕЙ Радимэ и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдкІэ зэхьыхэр зэхъуэІуаха нэужь, кьрихьэлІахэр библиотекэм и лэжьакІуэ **Къэмбэчокъуэ Альбинэ** хигъэгъуэзащ ар пасэу уэсэ тхыным зэрыдихьэхам, и япэ усэ цІыкІухэр, Іуэтэжхэр, теплъэгъуэ гъэщІэгъэнхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм, дыкъэзыухъурейх дунейм и кьэхъукъащІэхэм, ятІэ лъагъуныгъэм зэрыгугъуэхуам, иджыри еджапІэм щІэсу тхэн щІидзами, и тхыгъэхэр гъэпщІуауэ, и ныбжьэгъу дыдэхэр, Іыхьлыхэр мыхъумэ нэгъуэщІхэм дзыхь яхуимыщІыргэ зэрихьэу кьызэрекІуэкІам.

1980 гъэм Бахъсэн районым хыхьэ ХьэтІохъущыкъуей Ищхъэрэ къуажэм и курыт еджапІэр екъуэлэнигъэкІэ кьиуха нэужь, НэГъуей Радимэ щеджащ Ставрополь щыІыным и зэхэтыкІэм щыІэхур уней жыпхэм кьикІа мыльку-кІэ фІэкІа зэфІэха хьуркъым. Уеблэмэ, зыхуей хуэзауэ щыхэм зыщрагъэкъуэдиин, зэманым лъэщІыкъэ щыгъэжапІэ диІэкъым. Аращи, дызэлэжьхьи, едгъэфІэкІуэн, дыщІыхущІэмыхьэн ди куэдщ.

Накъыгъэм и 26-р щы зезыхъэхэм я махуэу жаІэ. Ар ди щхьэусыгъуэу дыхуейт Пизэ щекІуэкІа чемпионатым хэту къеклуэлІэжа ди щІалэхэр зыІэтыпхъэ ІуэхущапІэ ди мащІэ хуэдэкъым. Ауэ зэкІэ адыгэщым и щхьэр къегъэІэтыжьи Іуэхур уней жыпхэм кьикІа мыльку-кІэ фІэкІа зэфІэха хьуркъым. Уеблэмэ, зыхуей хуэзауэ щыхэм зыщрагъэкъуэдиин, зэманым лъэщІыкъэ щыгъэжапІэ диІэкъым. Аращи, дызэлэжьхьи, едгъэфІэкІуэн, дыщІыхущІэмыхьэн ди куэдщ.

Накъыгъэм и 26-р щы зезыхъэхэм я махуэу жаІэ. Ар ди щхьэусыгъуэу дыхуейт Пизэ щекІуэкІа чемпионатым хэту къеклуэлІэжа ди щІалэхэр зыІэтыпхъэ ІуэхущапІэ ди мащІэ хуэдэкъым. Ауэ зэкІэ адыгэщым и щхьэр къегъэІэтыжьи Іуэхур уней жыпхэм кьикІа мыльку-кІэ фІэкІа зэфІэха хьуркъым. Уеблэмэ, зыхуей хуэзауэ щыхэм зыщрагъэкъуэдиин, зэманым лъэщІыкъэ щыгъэжапІэ диІэкъым. Аращи, дызэлэжьхьи, едгъэфІэкІуэн, дыщІыхущІэмыхьэн ди куэдщ.

Пшыхьым зрагъэхьэлІащ Радимэ и ныбжьэгъухэмрэ и лэжьэгъухэмрэ. Апхуэдэу къэпсэлъащ **Абазэ ФатІимэ**, филологие щІэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакІуэ **Алъхъэс Светланэ**, КъБР щІыхь зиІэ и артист, уэрэджакІуэ **Зеущэ Іуэес**, Щоджэнцыкіу Алий и цІэкІэ щыІэ фондым и тхьамадэ **Щоджэнцыкіу Леонид**, Марко Вовчок и цІэр зезыхьэ уэ-музейм и унафэщІ **Лэжьэрей Инессэ**, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгуХъэныгъэм хэт **Мэкъуауэ Амир**, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгуХъэныгъэм хэт, усакІуэ икІи дохутыр **ПщыкІ Латмир**, психологие щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент **Кумыщ Римма**, филологие щІэныгъэхэм я кандидат, университетым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ кафедрэм и егъэджакІуэ **Хьэщхьуэжь Заретэ**, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат, университет библиотекэм и лэжьакІуэ **Борэн Мадинэ** сымэ, нэгъуэщІхэри. Дэтхэнэри абы ехъуэхъуащ илъэс куэдкІэ ди литературэм ехъуЛІэныгъэкІэ хуэлэжьэну, и усэбзэр жыжьэ Іуну. Пшыхьыр зэхуащІыжащ Нэгъуей Радимэ и уэрэдыщІэкІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

ЩІэблэм я нэІэ трагъэт

КъытщІэхъуэ щІэблэм ядалэжьэныр, я зыгъэпсэхугъуэмрэ зыужьыныгъэмрэ пыщІа Іуэху щхьэпэхэр къызэгъэпэщыныр - балигъыпІэм нэмысахэр щІэхъаджагъэм щыхъуэмэныкІэ сэбэпу къалъытэ Урысей МВД-м Тэрч районым щиІэ къудамэм и лэжьакІуэхэм. Абыхэм щІэх-щІэхыпэ зэхашэ спорт зэпеуэхэр, зыпІъыхьакІуэ яшэ, къэралым щызекІуэ хабзэхэм теухуа дерсхэм щІагъэдэІу.

ГЪУНАПКЪЭХЪУМЭМ и махуэм ирихьэлІэу район ОМВД-м балигъ мыхуэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и инспекторхэм Тэрч къалэм дэт «Ладья» шахмат клубым и гъэсэнэхэм я зэхьэзэхуэ ирагъэкІэкІащ.

Аха ерыщу икІи яфІэгъэщІэгъуэну хэтащ зэпеуэхэм. Дэтхэнэри хуэпабгъэрт текІуэныгъэм, и хьэрхуэрэгъуэ зэрыхигъэщІэным.

- Шахматхэр - губзыгъэхэм, ерыщу хэкІыпІэхэр кьэзыпльыхьуэхэм я джэгукІащ. Аха сабийхэм адэкІи я гъащІэм кьащхуэсэбэпынущ, - жаІэ полицейхэм.

Зэхьэзэхуэ гуащІэм щытекІуахэр наІуэ хьуащ. Хьыджэбз щІыкІэхэм я зэпеуэм ятІэ щиущащ Жылауэх Риланэрэ Элинэрэ, Джатэгъэжь Викторие сымэ. ЩІалэ цІыкІуэхэм ящыщу бжьыпІэр яубыдащ Іэщ1ыж Іэдэм, Сокъур Тимур, Къазий Тамерлан. Абыхэм ираты нущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ Къэрал кІуэ Іуэхуэхэмкіэ министерствэм и щІыхь тхьилъэр.

Полицейхэм ныбжьыщІэхэм фІыщІэ хуащІащ зэпеуэм жыджэру зэрыхэтам папщІэ, спортым ехьылІэныгъэ лъагэхэр щыІыгъэгъахьэмэ зэрагуапэри жраІащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Шыгъажэ

Адыгэшым и ехъулІэныгъэщІэ

Италием хыхьэ Пизэ кьалэм щыгъажэ кІыхьэмкІэ дунейпсо чемпионат щекІуэкІащ накьыгъэм и 22-м. Щу 81-рэ щыІэпэуа а зэхьэзэхуэм адыгэши зэрыхэтынум щыгъуазэ фытщІауэ щытащ.

УРЫСЕЙМ икІыу чемпионатым щууитху екІуэлатэ: Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу плІы (Зыхъуэ Замир, Сибэч Артур, Джатэ Щамил, Хьупсыдржэн Залым), КъШР-м щыщу зы (Кубанов Рамин).

ТекІуэныгъэм и хьыбарым пэплъэ ди щІэджыкІакІуэхэм ягу хигъэхъуэну кьыщІэкІынкъым Урысейм икІа гупым щыгъажэм и кІэм нэс хэтыну Іэмал кьаззрыхукъуэмыкІам. КъэзрыщыщІэкІмкІэ, щыгъажэ кІыхьэм хабзэ ткІийхэр щызэкІуэ: шым и узынщагъэр абы хуагъэува мардэм нэмысу щытмэ, шур зэпеуэм хагъэкІ. Гурыуэгъэкъэ апхуэдэ гъуэгуанэ кІыхь зэпызыкъа, игъащІэм зэрыщымкІа щІыпІэм кьащІыхуэта адыгэшхэр щытыкІэм я нэхъыфІым зэримытар?! ИтІани, Европэм нэхь лъагэ дыдэу кьащІалъытэ зэхьэзэхуэм хэтын хуэдизу а шыхэр зІгъэхьэзыпарахэм фІыщІэ яхуэтщІыпхъащ, езыхэри дгъалъэпІапхъащ. ЛъэпкъыщІэр зезыхьэ псэущхьэр дунейпсо утыку ирашэн папщІэ я къаруэр я мылькурэ щыкІэхьэ, «Адыгэшым и фондым» кьедзауэ лажьэ щІалэхэм ЛІыгъэшхуэ кьызэрызэкъуахам, цІыхубэм абыхэм я щІыхуэ зэрыттелъым шэч закъуи хэлъкъым.

ГуІэфІтещІэжу кьэдвгъэльытэ зи гугъу тщІы зэпеуэм хэта, Белоруссием щыщ шууей бзылъхугъэ Мороз Алёнэ (зэхьэзэхуэм хыхьэну Іэмал ешащ «Адыгэшым и фондырщ») чемпионатым и Іыхьхьмэ зэрыхэтар, шыгъажэм и кІэм зэрынэсар. Белорус цІыхубзым и адыгэшыр, Амырхэн цІэр зезыхьэр, шыгъажэм зэдзыхьха шу 74-м я 26-нэу къэсащ.

«ИгъащІэм сымыльэгуа цІыкуэхэр зыкъыспащІэурэ яхьэохъуэхъу, ар пхуэмыІуэтэну си гуапэщ. Егъэлеяуэ сроГушхуэ адыгэш сызэрытесым. Мыбдежьым ІуэхущІэкъуэм кьыщыскхуэхуа, кьыздэщІа щІалэхэми ф1ыщІэ яхузощІ», - жиІащ Алёнэ шыгъажэм и кІэм щынэсам.

«Нэсри къэсыжауэ уадыгэлІщ, Алёнэ! Амырхэн хуэсакъ! Дыкьыдэпхьажащ! - гуапэу хуатх Алёнэ и ехъулІэныгъэхэм игъэгушхуа щІалэгуалэм. Уигу хэзыгъаХъуэ Іуэхугъуэщ ди шухэм ядэщІыну Италием щыщ адыгэ унагъуэ Сан-Россоре шыгъэжапІэм кьызэрекІуэлІари.

Чемпионатыр зэриухам и гугъу тщІымэ, апэ увыпІитІыр Эмират Зэгуэтхэм щыщ щІалэхэм кьэхьащ: апэр - Салем Аль-Китби, етІуанэр - Мансур Аль-Фарези. Щежьа щІыпІэм я Іэпэр зэрыІыгъу ахэр кьыІуэхьащ. Ещанэ увыпІэр Чилим щыщ Бони Виадэ де Виверэ кьихьащ. Ар а щІалэм шыгъажэ ІуэхукІэ и апэ ехъулІэныгъэщ. Гуп зэпеуэр и кІэм нэзыхьэсыфа кьаралищым апэ увыпІэр Испанием, етІуанэр - Бразилием щыщ гупым, ещанэр - Франджым кьикІахэм ираташ.

«ТекІуэр зытекІуэжаращ», - жаІэ. Езыхэм я щхьэ апэ ирамыгъэщу, пъэпкъыщІэр зезыхьэ шым и хьэтыркІэ апхуэдизу ныбжьэгъу пъэпкъым кьыхуащІу кьеклуэлІэжа ди щІалэхэр зыІэтыпхъэ ІуэхущапІэ ди мащІэ хуэдэкъым. Ауэ зэкІэ адыгэшым и щхьэр къегъэІэтыжьи Іуэхур уней жыпхэм кьикІа мыльку-кІэ фІэкІа зэфІэха хьуркъым. Уеблэмэ, зыхуей хуэзауэ щыхэм зыщрагъэкъуэдиин, зэманым лъэщІыкъэ щыгъэжапІэ диІэкъым. Аращи, дызэлэжьхьи, едгъэфІэкІуэн, дыщІыхущІэмыхьэн ди куэдщ.

Накъыгъэм и 26-р щы зезыхъэхэм я махуэу жаІэ. Ар ди щхьэусыгъуэу дыхуейт Пизэ щекІуэкІа чемпионатым хэту къеклуэлІэжа ди щІалэхэр зыІэтыпхъэ ІуэхущапІэ ди мащІэ хуэдэкъым. Ауэ зэкІэ адыгэщым и щхьэр къегъэІэтыжьи Іуэхур уней жыпхэм кьикІа мыльку-кІэ фІэкІа зэфІэха хьуркъым. Уеблэмэ, зыхуей хуэзауэ щыхэм зыщрагъэкъуэдиин, зэманым лъэщІыкъэ щыгъэжапІэ диІэкъым. Аращи, дызэлэжьхьи, едгъэфІэкІуэн, дыщІыхущІэмыхьэн ди куэдщ.

Пшыхьым зрагъэхьэлІащ Радимэ и ныбжьэгъухэмрэ и лэжьэгъухэмрэ. Апхуэдэу къэпсэлъащ **Абазэ ФатІимэ**, филологие щІэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакІуэ **Алъхъэс Светланэ**, КъБР щІыхь зиІэ и артист, уэрэджакІуэ **Зеущэ Іуэес**, Щоджэнцыкіу Алий и цІэкІэ щыІэ фондым и тхьамадэ **Щоджэнцыкіу Леонид**, Марко Вовчок и цІэр зезыхьэ уэ-музейм и унафэщІ **Лэжьэрей Инессэ**, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгуХъэныгъэм хэт **Мэкъуауэ Амир**, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгуХъэныгъэм хэт, усакІуэ икІи дохутыр **ПщыкІ Латмир**, психологие щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент **Кумыщ Римма**, филологие щІэныгъэхэм я кандидат, университетым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ кафедрэм и егъэджакІуэ **Хьэщхьуэжь Заретэ**, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат, университет библиотекэм и лэжьакІуэ **Борэн Мадинэ** сымэ, нэгъуэщІхэри. Дэтхэнэри абы ехъуэхъуащ илъэс куэдкІэ ди литературэм ехъуЛІэныгъэкІэ хуэлэжьэну, и усэбзэр жыжьэ Іуну. Пшыхьыр зэхуащІыжащ Нэгъуей Радимэ и уэрэдыщІэкІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кърдэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩІхьэщэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Щыіэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; зекІуэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышагъэзэмрэ щІыуэпсыр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-16-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыдыгъэзэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.